

AJINING KAPRAWIRAN SAJRONE SERAT MENAK MONDHA-MUNDHU JILID VIII

Pambayun Sudarsono

S-1 Jurusan Pendhidhikan Basa lan Sastra Dhaerah (Jawa), Fakultas Basa lan Seni, Universitas Negeri Surabaya
pambayunsudarsono@mhs.unesa.ac.id

Drs. Bambang Purnomo, M.S

Dhosan Jurusan Pendhidhikan Basa lan Sastra Dhaerah (Jawa), Fakultas Basa lan Seni, Universitas Negeri Surabaya

ABSTRAK

Serat Menak kanthi irah-irahan *Mondha-Mundhu* iki ora kalebu sajrone 24 judhul serat menak reriptane Kyai Yasadipura, uga ora kalebu sajrone judhul serat menak Surakarta lan Menak-Pang. Tembung Mondha-mundhu sejatine aran sawijine papan panggonan, yaiku sawijine talaga kanggo papan dedelikane wong kafir. Bab kang ndadekake kawigaten, yaiku critane ora akeh ngrembug ngenani telaga *Mondha-Mundhu*. Umume Serat Menak nyritakake ngenani kaprawirane Amir Hambyah anggone perang mungsuuh para kafir, nanging serat iki luwih nengenake kaprawirane Nabi Muhammad minangka prawira Islam anggone nelukake lan ngeslamake wong kafir. Bab kaprawiran sajrone wiracarita kuwi minangka tema kang utama, saengga kalungguhane paraga utama ing kene mujudake bab kang ditengenake. Nabi Muhammad dicritakake minangka pawongan kang dadi utusaning Gusti Allah, kang nduwensi cara kang beda klawan Amir Hambyah kanggo nelukake wong-wong kafir.

Panliten iki kalebu panliten kualitatif kang asipat dheskriptif. Asil transliterasi *Serat Menak Mondha-mundhu Jilid VIII* iki dadi sumber dhata. Cuplikan kang awujud tembang macapat sajrone *Serat Menak Mondha-mundhu Jilid VIII* minangka dhata kang dianalisis. Anggone ngumpulake dhata kanthi cara diwenehi tetenger nganggo *bolpoin* kang werna-werna rupane.

Tembung wigati: Serat Menak, Mondha-Mundhu, Kaprawiran, Ajining Kaprawiran.

PURWAKA

Bageyan purwaka iki diperinci dadi enam subbab, yaiku (1) pamurwane panliten, (2) underanee panliten, (3) tujuwane panliten, (4) paedae panliten, (5) watesane panliten, lan (6) panlentrehe tetembungan. Luwih jangkepe ing ngisor iki.

Pamurwane Panliten

Karya sastra kang tuwuuh lan ngrembaka sajrone kraton diarani Sastra Jawa Klasik. Sastra Jawa Klasik wus diperang dadi telung klompok miturut Suwarni (2018:17) perangan mau (1) karya-karya kang sinebut sastra bangunan, (2) karya sastra kreasi reriptane para pujangga ing jaman Pajang nganti Mataram, mligine kraton Surakarta, (3) karya sastra Jawa asil saduran saka sastra Melayu. Sastra bangunan yaiku asil karya sastra kang ditulis maneh nggunakake basa Jawa Anyar. Tujuwane supaya gampang dimangerteni dening masyarakat awam. Bisa diarani yen sastra bangunan minangka asil adaptasi saka karya kang wus ana sadurunge. Karya sastra Jawa asil saduran saka sastra Persia tegese karya sastra kang antuk pangaribawa Islam tuladane Hikayat Amir Hamyah. Sastra Jawa klasik nduwe tetenger yaiku tulisane migunakake aksara Jawa, gunakake tembung-tembung kang endah, nggunakake rerenggane basa, lan nengenake bab pitutur-pitutur luhur.

Crita-crita Islam kang wis mlebu ing bumi Jawa akeh-akehe mono nate ngrembaka luwih dhisik ing bumi Melayu mawa basa Melayu. Karya sastra tulis mau diarani Hikayat Amir Hambyah. Sastra Melayu mlebu ing bumi Jawa, sabanjure lagi *digubah* ing basa Jawa lan ngrembaka kanthi aran Serat Menak. Miturut jamane, Serat Menak kaperang dadi loro yaiku Menak Kartasura lan Menak Yasadipuran (Surakarta).

Serat Menak Kartasura paling sepuh yaiku kang diwangun ing taun 1639 J dening Ki Carik Narawita, kanthi dhawuhe Kangjeng Ratu Mas Balitar (prameswari Sri Paku Buwana I utawa Pangeran Puger) ing kraton Kartasura (Purwadi, 2009:97). Serat Menak kang digubah iki dudu karya asli nanging salinan utawa wangunan. Critane isih durung adoh karo Hikayat Amir Hambyah. Katitik saka tetembungane, pranyata akeh kang nggunakake basa pesisir.

Saya ngrembakane jaman, Serat Menak uga saya ngrembaka. Ngancik jaman Surakarta, tuwuuh karya-karya Serat Menak kang maneka warna. Kaya kang diandharake dening Poerbatjaraka (1952:123-126) yen ing jaman Surakarta serat Menak diwangun maneh kanthi babon Menak Kartasura dening Kyai Yasadipura. Basa lan kidunge dijumbuhake ing jaman kang digunakake nalika iku, mula diarani serat Menak Yasadipuran. Kapisan, Serat Menak mau wis dicetak nganti 7 jilid dening Raden Ngabehi Djajasubrata kang diterbitake dening Van Dorp-Semarang. Sabanjure

serat Menak wiwit akeh kang nyetak uga akeh kang nerbitake. Ora mung Van Dorp-Semarang wae kang nerbitake, Balai Pustaka uga nerbitake Serat Menak Yasadipuran kanthi irah-irahan kang luwih akeh maneh.

Kyai Yasadipura yasa serat Menak dadi 24 judhul 45 jilid, nggunakake aksara Jawa mawa tembang macapat kang diterbitake dening Balai Pustaka ing taun 1933-1938. Irah-irahan Serat Menak karya-karya Kyai Yasadipura yaiku (1) *Menak Sarehas*, (2) *Menak Lare*, (3) *Menak Serandil*, (4) *Menak Sulup*, (5) *Menak Ngajrak*, (6) *Menak Demis*, (7) *Menak Kaos*, (8) *Menak Kuristam*, (9) *Menak Biraji*, (10) *Menak Kanin*, (11) *Menak Gandrung*, (12) *Menak Kanjun*, (13) *Menak Kandhabumi*, (14) *Menak Kuwari*, (15) *Menak Cina*, (16) *Menak Malebari*, (17) *Menak Jaminambar*, (18) *Menak Purwakandha*, (19) *Menak Kustub*, (20) *Menak Kalakodrat*, (21) *Menak Sorangan*, (22) *Menak Jamintoran*, (23) *Menak Talsamat*, (24) lan *Menak Lakad* (Suwarni, 2016:90-100). Kabeh irah-irahan Serat Menak mau diarani Menak Yasadipuran.

Isi Serat Menak umume mesthi nyritakake kaprawirane paraga Amir Hambyah (Bagendha Amir, Jayengrana, Jayengsatru, Sultan Kuparman, Wong Menak, Wong Agung lan liya-liyane). Amir Hambyah isih klebu sedulur saka wong tuwane Nabi Muhammad SAW minangka prawira Islam. Diarani *pahlawan* Islam jalanan Paraga Amir Hambyah minangka paraga utama kang mbrasta wong-wong kafir. Paraga Amir Hambyah ngrasuk agama Islam dene marasepuhe yaiku Prabu Nursewan kalebu wong kafir. Paraga Amir Hambyah kepengin mbrasta wong-wong kafir, mula njalari tuwuhe paprangan kang mawola-wali.

Serat Menak Mondha-mundhu Jilid VIII kang bakal ditliti iki, klebu jinis *Naskah Epik-Kepahlawanan*. Sing ndadekake pambedane serat *Menak Mondha-mundhu Jilid VIII* iki klawan serat Menak liyane yaiku kaprawirane paraga Amir Hambyah kang kepengin mbrasta wong-wong kafir. Ora mung wong-wong kafir wae, ananging uga bangsane jim setan lan sapanunggalane kang klebu kafir. Kejaba kuwi tembung Mondha-mundhu kang dadi irah-irahane serat Menak iki, sejatine aran sawijine papan panggonan. Mondha-mundhu yaiku aran sawijine talaga kango papan dedelikane bangsane seluman kafir supaya ora konangan dening Wong Agung. Kejaba kuwi uga sinisipan pitutur lan wejangane Amir Hambyah minangka pangarsa marang kanca-kancane uga andhahane. Isih akeh kedadeyan-kedadeyan liyane kang nyritakake kapahlawanane Amir Hambyah sajroning telaga Mondha-mundhu, mula bakal didhudhah siji mbaka siji.

Irah-irahane naskah yaiku Serat Menak Mondha-mundhu, sabanjure diarani SMMM. Judhul naskah wis digoleki ing sakabehane katalog-katalog naskah ngendi wae, nanging ora ana. SMMM iki ora ana utawa ora klebu sajrone 24 judhul Menak Yasadipuran apa dene patang judhul Menak-Pang. Bab iki sing narik kawigaten kanggo ndhudhah isine serat.

Kanggo lelandhesan paninthinge perlu nggunakake *metode dheskriptif analitik kualitatif*. Kanthi metode kasebut, diajab bisa mbiyantu ngonceki sarta ndhudhah bab kang bakal dirembug. Kanggo ngonceki ajining kaprawiran sajrone SMMM iki mbutuhake teori dekonstruksi. Kejaba kuwi uga nggunakake tintingan filologi jalanan objeke naskah, mula sadurunge perlu anane suntingan teks. Panliten tumprap serat iki nduwensi ancas supaya bisa mangerteni isi teks sajrone naskah kang bisa dadi patuladhan ing urip bebrayan.

Underane Panliten

Adhedhasar kang wis diandharake ing lelandhesan panliten, mula underane panliten kaya mangkene :

- (1) Kepriye karakteristik Serat Menak Mondha-mundhu Jilid VIII?
- (2) Kepriye suntingan teks Serat Menak Mondha-mundhu Jilid VIII?
- (3) Kepriye ajining kaprawiran sajrone Serat Menak Mondha-mundhu Jilid VIII?

Tujuwane Panliten

Tujuwan kang bakal dirembug ing kene yaiku:

- (1) Ngandharake karakteristik Serat Menak Mondha-mundhu Jilid VIII.
- (2) Ngandharake suntingan teks Serat Menak Mondha-mundhu Jilid VIII.
- (3) Ngandharake ajining kaprawiran sajrone Serat Menak Mondha-mundhu Jilid VIII.

Paedahe Panliten

Asiling panliten iki diajab bisa menehi gegambaran kang luwih gamblang ngenani ajining kaprawiran sajrone SMMM tumprap pamaca umum apa dene mahasiswa Jurusan Basa lan Sastra Jawa. Kejaba kuwi panliten iki kanggo upaya nglestarekake Naskas *Menak Mondha-mundhu Jilid VIII*.

Watesane Panliten

Panliten iki perlu anane wewatesan kanggo matesi supaya andharan panliten iki ora uwat saka underane panliten kang bakal diandharake. Kejaba kuwi, anane wewatesan panliten ing kene supaya ora kliru anggone ngerten lan ora ngambra-ambra anggone ngandharake isine naskah. Wewatesan kang digunakake kanggo ngandharake SMMM iki nggunakake tintingan filologi kanthi tembung-tembung liyane kang gegayutan karo irah-irahan. Bab kang bakal dionceki yaiku karakteristik naskah, suntingan naskah lan ajine kaprawiran sajrone SMMM. Objek panliten kang bakal dirembug ing kene mung naskah kanthi irah-irahan *Serat Menak Mondha-mundhu Jilid VIII*. Naskah iki kasusun saka 158 kaca kang awujud tembang kanthi nggunakake aksara Jawa. Panliten iki bakal ndheskripsekake naskah kanthi cara ngandharake wujud fisike, isine naskah, lan ajining kaprawiran sajrone SMMM.

Panjentrehe Tetembungan

Panliten iki ana tetembungan kang gegayutan klawan andharan-andharan kang bakal dijlentrehake. *Istilah* utawa tetembungan ing ngisor iki dadi kunci lan bakal asring dirembug sajrone panliten, supaya pamaos bisa luwih gampang anggone mangerten. Tetembungan mau diarani tembung-tembung kang wigati, bakal dijlentrehake ing ngisor iki.

1) Serat Menak

Salah sawijine asil karya sastra kang nyritakake bab epos kang gayut klawan agama Islam kang ngrembaka ing bumi Jawa. Sadurunge ngrembaka ing bumi Jawa ngrembaka luwih dhisik ana wewengkon Melayu kanthi aran Hikayat Amir Hambyah. Sastra Melayu mlebu ing bumi Jawa, sabanjure lagi *digubah* ing basa Jawa lan ngrembaka kanthi aran Serat Menak. Isi Serat Menak umume mesthi nyritakake kaprawirane paraga Amir Hambyah minangka *pahlawan* Islam. Diarani *pahlawan* Islam jalaran Paraga Amir Hambyah minangka paraga utama kang mbrasta wong-wong kafir (Suwarni, 2016:18).

2) Mondha-mundhu

Tetembungan Mondha-mundhu minangka irah-irahane naskah kang bakal dititi. Sajrone SMMM, tembung Mondha-mundhu minangka aran sawijine telaga kang ana ing tlatah Ngrokam. Telaga mau diarani talaga Mondha-mundhu, mapane ana wana sangisore werdi kang aran werdi Talsamat. Sajrone talaga Mondha-mundhu, persise ana sangisore bumi ana sawijine kraton seluman kang diratoni dening Prabu Jadalhas. Wewengkon kono mau arane Talsamat, mula negarane para seluman mau uga diarani praja Talsamat.

3) Ajining Kaprawiran (Nilai Kepahlawanan)

Tembung nilai asale saka basa Inggris *value* kang asring digayutake karo kabecikan. Nilai miturut Kasdi (1996:8) yaiku sawijine reriptan kang ngandhut konsep kang dipengini lan nduweni *keefektifan* kanggo menehi daya pangaribawa sajrone pratingkah. Samubarang diarani nduwe nilai nalika samubarang kasebut nduweni sipat kang penting, ana pigunane, lan kang bisa nyadharake manungsa klawan harkat lan martabate.

Nilai kapahlawanan miturut Lantini (1996:251) yaiku nilai kang ancuse kango mbebelu tumrap bebener, kalebu pendhidhikan lan tata negara. Pendhidhikan kagamarake sawijine nilai kapahlawanan kang bisa dadi tepa palupi becik tumrap pamaos sastra sejarah. Pungkasane sajrone tata negara ana nilai lila kurban jiwa, kendel, kasetyan lan tangguh.

Baried (1985:149) ngandharake yen pahlawan yaiku sapa wae kang *ber-juwang* kanthi gagah prakasa kanggo merjuwangake kamardikaning negara. Bisa diarani yen pahlawan yaiku manungsa kang kepengin merdekakake bangsane saka mungsuh. Diarani pahlawan mono ora mung wasis sajrone olah perang kanggo mbela bangsa ngalahake mungsuh. Ana sing diarani pahlawan sastra, pahlawan reformasi agama, pahlawan politik lan liya-liyane. Pahlawan bisa

ndadekake kedadeyan kang gedhe sajroning sejarah, mula ora dipandeng salumprahe. Kejaba kuwi, pahlawan lumprahe mesti nduweni aji tumrap masyarakat.

METODHE PANLITEN

Bageyan metodhe panliten iki diperinci dadi subbab, yaiku (1) ancangan panliten (2) sumber dhata lan dhata, (3) instrumen panliten, (4) metode lan teknik panliten, lan (5) tata cara nulis asile panliten. Luwih jangkepe ing ngisor iki.

Ancangan Panliten

Ancangan ing panliten iki nggunakake metode dheskriptif analitik-kualitatif. Metode kasebut minangka gabungan saka rong metode panliten, yaiku metode panliten dheskriptif analitik lan metode panliten kualitatif. Metode dheskriptif analitik miturut Ratna (2013:53) ditindakake kanthi cara nggambareke kasunyatan-kasunyatan banjur dianalisis. Sadurunge nganalisis ajining kaprawiran kang kinandhut sajrone serat kasebut, sajrone panliten iki bakal ngandharake kahanan fisik lan *nonfisik*, yaiku ngandharake kahanane naskah SMMM kanthi jangkep.

Kawatasaka obyek panlitene, panliten kanthi irah-irahan *Ajining Kaprawiran Sajrone Serat Menak Mondha-mundhu* klebu panliten kualitatif. Diarani panliten kualitatif, amarga sajrone nliti ora nganggokake dhata angka-angka lan etungan kang ngliputi rumus-rumus tartamtu. Saengga dhata kang diasilake sajrone panliten kualitatif iki arupa tembung sajrone ukara. Kejaba kuwi, kanggo ngonceki ajining kaprawiran, panliten iki nggunakake pamarekan struktural. Sanajan kang luwih wigati saka unsur paragane sajrone crita nanging ora ngirwakake marang unsur-unsur liyane kayata latar lan alure crita.

Panliten iki uga nggunakake prinsip filologi modern, jalaran objeke panliten awujud naskah. Filologi yaiku ilmu kang nyinaoni naskah-naskah lawas. Tintingan filologi modern digunakake kanggo mbiyantu nindakake transliterasi SMMM kanthi metode edhisi standar. Panliten kanthi ancangan deskriptif analitik-kualitatif sajrone SMMM iki diajab bisa menehi gegambaran kang cetha lan obyektif ngenani isi kang awujud ajining kaprawiran.

Sumber Dhata lan Dhata

Sumber dhata kang digunakake ing panliten iki yaiku teks Menak Mondha-mundhu jilid VIII. Teks iki ditemokake, sumimpene ana daleme Bapak Setyarso kanthi alamat ing desa Jabungan RT 01, RW 05 kelurahan Dukuh, kecamatan Sukoharjo, kabupaten Sukoharjo, Jawa Tengah. Bapak Setyarso sakulawargane ora mengerten saka ngendi asale naskah, jalaran naskah kasebut wis ana ing rak buku. Buku-buku ing rak buku kuwi wis mataun-taun ana wiwit leluhure Bapak Setyarso, ananging ora tau didemek apa maneh diwaca.

Serat iki katulis ing kertas kanthi nggunakake aksara Jawa, kasusun ana 24 pupuh tembang macapat.

Metrum tembang kang digunakake yaiku Gambuh, Durma, Asmaradana, Dhandhanggula, Sinom, lan Pangkur. Kertas kang digunakake kanggo nulis naskah, kertas kang wus ana garise arupa coklat. Kahanan naskah iki kalebu apik jalaran tulisane isih cetha banget lan kalebu gampang diwaca. Kejaba kuwi, tulisane runut tur endah. Ana cacate, yaiku ana perangan kang ora bisa diwaca wiwit ngarep nganti pungkasan. Telung larik saka ngisor ora bisa diwaca, katon samarsamar. Perangan kang ora bisa diwaca mau mbok menawa katone kesiram banyu, mula ndadekake rusake naskah saengga tulisane luntur. Naskah iki awujud tembang macapat, saben metrum tembang mesthi nduweni paugeran. Saka paugerane tembang mau, mula tetep bisa ditapsirake ana pirang gatra saben pupuh.

Cacahe kaca serat iki ana 158, dene jumplahe kertas ana 79 lembar durung kalebu samak ngarep. Naskah iki isih nduweni samak ngarep senadyanta mburine tanpa samak. Naskah iki ora jangkep, jalaran mburine prethel tanpa samak. Samake naskah rupane luwih tuwa lan luwih kandel tinimbang kertas njerone. Jilidane naskah iki ora kaya jaman saiki nanging didondomi nggunakake kain khusus. Ukurane naskah yaiku 29 cm mungsu 25 cm. Kahanane naskah iki ora jangkep, bageyan pungkasan ilang.

Instrumen Panliten

Instrumen sajrone panliten kualitatif bisa arupa tes, wawancara, *observasi*, lan *koesioner*. Instrumen utawa piranti sajrone panliten kualitatif yaiku panliti. Panliti dadi instrumen utama sajrone panliten kanggo ngumpulake dhata, nganalisis, napsirake dhata, lan nggawe lapuran asil panliten. Panliti instrumen uga diarani *human instrument*. Kajaba iku, panliten iki uga nggunakake instrumen tambahan lan instrumen panyengkuyung yaiku kamera kanggo njupuk gambar naskah SMMM minangka objek panliten, cathetan, lan tetengeran tembung-tembung kang nyengkuyung kanggo ngumpulake dhata.

Metode lan Teknik Panliten

Metode lan teknik panliten iki diajab bisa nyengkuyung panliten naskah, jalaran perlu kanggo ngandharake isi naskah SMMM supaya bisa cetha, gampang, lan bisa ditrima dening pamaos. Kejaba kuwi perlu ditindakake budidaya kang gegayutan marang metode lan teknik panliten. Kaya tata cara nglumpuke dhata lan tata cara pangolahe dhata.

(1) Tata Cara Pangumpulane Dhata

Tata cara pangumpuling dhata yaiku proses kanggo ngumpulake dhata kang diperlokake lan menehi gegambaran ngenani dhata kang bakal ditintingi. Miturut Tata cara nglumpukake dhata sajrone panliten iki yaiku kaya apa kang wis diandharake dening Djamaris (2002:10-11) yaiku ana rong cara kanggo nglumpukake dhata ing panliten filologi yaiku teknik *study* pustaka lan *study* lapangan.

Panliti ing kene anggone nglumpukake dhata nggunakake teknik *study* pustaka. Teknik pustaka yaiku teknik pangumpulane dhata kang nganggokake sumber dhata awujud tulisan. Pangumpulane dhata kang ana iki ditindakake kaya ing ngisor iki.

a. Maca Naskah

Maca kang ditindakake dening panliti ing kene maca kanthi asipat *kritis* kanggo mangerteni isine naskah kang bakal didadekake sumber dhata. Amarga panliti nalika maca, uga nindakake kaluputan anggone kritik teks lan transliterasi, banjur nindakake kegiyatan suntingan teks, tujuwane supaya nerbitake naskah kang bisa dimangerteni dening pamaos, saengga mengko anane kalupat sajrone naskas bisa sanalika ditengeri lan dibenerake.

b. Transliterasi Naskah

Purnomo (2016:42) ngandharake menawa transliterasi yaiku mindah utawa ngganti jinis tulisan kanthi sakabehane, aksara mbaka aksara, saka abjad siji menyang abjad liyane. Dene miturut Baried (1994:63) transliterasi yaiku ngganti jinis tulisan sing siji menyang tulisan liyane utawa ngganti saben aksara menyang aksara liyane. SMMM iki ditulis nganggo aksara Jawa mula perlu diowahi nganggo aksara latin kanthi kegiyatan transliterasi naskah supaya nggampangake panliti anggone mangerteni isi teks sajrone naskah.

(2) Tata Cara Pangolahe Dhata

Tujuwan saka andharan ngenani tatacara pangolahe dhata ing kene supaya bisa ngasilake analisis kang cundhuk lan gathuk klawan tujuwane panliti. Ana rong metode suntingan yaiku suntingan naskah tunggal lan jamak. Yen naskah tunggal sajrone panliten iki ngetrepake *edhisi diplomatik* lan *edhisi standar*. Pangolahe dhata sajrone panliten iki bakal diandharake ing ngisor iki.

a. Ndheskripsi kake Nakah

Dheskripsi naskah ditindakake kanggo menehi *informasi* kang luwih cetha ngenani peprincene naskah, saka ngendi sangkane naskah lan kepriye wujude naskah nganti kepriye isine teks sajrone naskah. Bisa ditegesi yen apa wae kang diandharake ing dheskripsi naskah yaiku samubarang apa wae ngenani kahanan fisik naskah. Saka peprincene naskah ing kene bisa nggampangake panliti anggone nemtokake tintingane.

Kang kudu diandharake sajrone dheskripsi naskah miturut Purnomo (2016:40) ing antarane yaiku (1) papan anggone nyimpen naskah, (2) nomer naskah ditulis kanthi jangkep menawa ana, (3) panulis naskah (bisa panyalin utawa panerbit), (4) bahan naskah (papyrus, dluwang, lontar, kulit, wilahane pring, lsp), (5) ukurane naskah lan jumplahe kaca (lempitan utawa wilahan), (6) cacahe gatra saben kaca naskah, (7) jinis tulisan, (8) kahanane tulisan (cetha, mblawur, rusak), (9) kahanane naskah umume, umure naskah, (10) lan bab-bab liyane kang isih gayut klawan kahanan fisike naskah.

b. Suntingan Teks

Suntingan teks yaiku sawijine pakaryan kango mbenerake teks supaya dadi bener kanthi ilmiyah lan minangka salah sawijine cara kerjane panliten filologi. Suntingan naskah miturut Purnomo (2016:51) ana rong yaiku kapisan *edhisi diplomatik*, ing kene naskah kudu disunting kanthi ora ngenekake owah-owahan (tanpa ngowahi ejaan, pungtuasi, utawa perangane teks). Kapindho *edisi standar* atau *edhisi* biasa, ing kene ditindakake *emendasi* utawa mbenerake naskah tumprap kaluputan-kaluputan, ora ajege, nyimpang klawan teknis, sawetara ejaane dilarasake klawan paugeran normatif kang diakoni.

Sajrone suntingan teks iki ditindakake kegiyatn tintingan kritis. Panliti maca naskah lan nggawe cathetan-cathetan kang dianggep kaluputan, banjur kaluputan kang wis diklumpukake mau ditranslitrasi kanthi aparat kritik lan komentar kanthi tujuwan nerbitake naskah kang gampang diwaca lan gampang dimangerteni dening pamaca.

c. Ngandharake Crita Kapahlawan Sajrone Serat

Sawise ditindakake kabeh mligine pakaryan apa wae kang ana sajrone suntingan naskah mesthine panliti bakal bisa ngandharake crita sajrone serat kasebut lan bisa mangerteni kandhutan isi teks kasebut. Naskah SMMM iki nyritakake bab kapahlawanane paraga utama yaiku Wong Agung utawa Amir Hamyah. Wong Agung mbrasta wong-wong kafir kalebu jim setan lan sakabehane lelakon kang ana mapan ing telaga Mondha-mundhu.

d. Dudutan

Dudutan minangka ringkesan andharan kang wigati, kang dadi asil pungkas saka panliten. Dudutan iki ditindakake sawise sakabehane andharan rampung kajlentrehake dening panliti. Apa wae kang ana ing underane panliten lan isi kang wis diandharake ing dhuwur bakal dadi asile panliten banjur dilebokake sajrone dudutan. Saliyane iku uga diandharake ngenani tanggapane panliti, kritik tumprap naskah uga kritik saka pamaos lan pangarep-arep saka panliti ngenani asile panliten kanggo tujuwan umum utawa khusus.

Tata Cara Nulis Asile Panliten

Tata cara panulisan panliten ing kene dening panliti diperang dadi bab lan sub bab, diwiwit saka bab I nganti bab VI supaya runtut anggone nyuguhake asile panliten kang awujud laporan ilmiyah utawa skripsi. Dadi kaya mangkono kuwi minangka paugerane. Anane laporan lan uga dadi tujuwane panliten yaiku Nilai kapahlawanane sajrone SMMM.

ANDHARAN

Bab iki bakal ngandharake ngenani undherane panliten yaiku ngenani (1) karakteristik, (2) suntingan teks, lan (3) analisis struktur ajine kaprawiran sajrone *Serat Menak Mondha-mundhu Jilid VIII.. Serat Menak Mondha-Mundhu* sabanjure karingkes kanthi SMMM. Andharan-andharan iki bakal dijlentrehake ing ngisor iki kanthi gamblang.

Karakteristik Serat Menak Mondha-mundhu Jilid VIII

Karakteristik teks ora bisa uwah saka perangan dheskripsi naskah. Dheskripsi naskah mujudake gegambaran ngenani kahanan naskah saka wujud blegere lan wujud isi (teks). Padatane, anggone medharake dheskripsi naskah kudu kalegsanan kanthi titi lan njlimet, sajrone nggambaraké sawijining naskah. Dheskripsi naskah wigati anane, marga pranyata teks iku nduweni wujud saka tradhisi salin-sumaline naskah dening para pangripta. Andharan bab karakteristik SMMM ing kene nduweni tujuwan kango ngandharake irah-irahan, ukuran, kahanan, panulisan lan wektu panulisan, basa kang digunakake, wujude lan uga ringkesan crita SMMM.

(1) Irah-irahane Naskah

Sajrone naskah iki, bageyan kang nuduhake manawa kuwi irah-irahane naskah mapan ing kaca kapisan lan kaca kapindho utawa bisa diarani manggala. Tetembungan *Mondha-mundhu* ing kene wigati banget, jalaran serat menak mono cacahe akeh banget. Kanthi mangkono, sajrone manggalane naskah iki cetha nuduhake irah-irahane naskah kanthi gamblang. Kejaba kuwi, sajrone isi naskah utawa sajrone crita uga nyebutake irah-irahane naskah.

Jumbuh klawan seratan ing manggalane naskah, yen tembung menak ing kene minangka irah-irahan saka serat kasebut. Tembung menak minangka gelare pawongan kang kabuki ing pupuh II, pada kapindho. Ora mung pethikan ing dhuwur, nanging sajrone crita asring nyebutake tembung menak. Sabanjure, tetembungan *Mondha-mundhu* uga kasebutake sajrone crita. Sejatiné tetembungan *Mondha-mundhu* sajrone crita yaiku sawijine telaga minangka papan panggonan kedadeyane crita. Kanthi mangkono, yen kawawas saka irah-irahane naskah bisa mangerteni gegambaran isi critane naskah.

Tetembungan *Mondha-mundhu* minangka irah-irahan, ora ditemokake sajroning Serat Menak liyaliyane. Kanthi mangkono, SMMM iki bisa ditafsirake yen kalebu crita carangan utawa sanggite pangripta naskah. Bab sing beda klawan padatan mapan ing irah-irahan tetembungan *Mondha-mundhu*. Padatane irah-irahan mono kajupuk saka sawijine negara kang bakal ditelukake dening Wong Menak utawa jeneng sawijine paraga, nanging tetembungan *Mondha-mundhu* jebul sawijine telaga.

(2) Papan Panyimpene Naskah

Saben naskah utawa teks mesthi ndhuweni papan panggonan panyimpene. Papan panyimpene naskah ing kene ngrembug ngenani sapa kang nyimpen (pribadi, pamrentah, utawa swasta), ana ing ngendi lan pira nomer inventarisé (Mulyani, 2012:6). Objek panliten ing panliten iki yaiku naskah asli, kang sumimpene ana daleme Bapak Setyarso. Kanthi alamat ing desa Jabungan RT 01, RW 05 kelurahan Dukuh, kecamatan Sukoharjo, kabupaten Sukoharjo, Jawa Tengah. Bapak

Setyarso ora mengerten i saka ngendi asale naskah, jalaran naskah kasebut wis ana ing rak buku. Buku-buku ing rak buku kuwi wis mataun-taun ana wiwit leluhure Bapak Setyarso, ananging ora tau didemek apa maneh diwaca. Bareng ngerti yen naskah iki nduweni piguna, mula Bapak Setyarso karsa nyade naskah kasebut. Tunggale naskah iki ora ana, mung jilit VIII wae.

(3) Panulis lan Wektu Panulisane Naskah

Lumantar *manggala* lan *kolofon* naskah, bisa dimangerten i sapa kang dadi panulis lan kapan wektu panulisane naskah. Ora kabeh *manggala* lan *kolofon* naskah lawas nuduhake katrangan panulis lan wektu panulisane naskah. Kadangkala, anggone nulisake jeneng pangriptane naskah ana kang kanthi terang-terangan uga ana kang tanpa katrangan. Saka *manggalane* naskah, mung nuduhake yen naskah iki kagungan dalem Gusthi Kangjeng Ratu Hangger. Ora ana katrangan sapa kang dadi panulis lan kapan wektu panulisane naskah. Kanthi mangkono, bisa ditafsirake mbok menawa kang nulis naskah yaiku Gusti Kangjeng Ratu Hangger. Semono uga wektu panulisane naskah ora katrangake ing *manggalane* naskah, mula bisa diarani naskah iki ditulis nalika Gusti Kangjeng Ratu Hangger isih wilujeng. Gusti Kangjeng Ratu Hangger minangka putrane Sri Sultan Hamengkubuwana VII kang patutan klawan Gusti Kanjeng Ratu Mas ing Kartasura, mula bisa diarani yen serat kang ditemokake iki kalebu Menak jaman Kartasura.

(4) Bahan lan Kahanane Naskah

Bahane naskah mujudake papan kanggo nulis naskah kang gegayutan klawan kahanane naskah. Bahane naskah serat menak lumrahe akeh kang nggunakake lontar (*godhonge siwalan*) utawa nggunakake dluwang yaiku kertas saka kulite kayu (Mulyani, 2012:6). *Serat Menak Mondha-mundhu* kang dadi objek panliten iki, kaserat ing dluwang utawa kertas kanthi rupa coklat ginaris. Menawa kertas kanggo nulis naskah iki kawitane putih, nanging wis suwe banget mula owah rupane malih dadi semu coklat. Naskah iki isih nduwe samak ngarep, senadyan kahanane wis meh prothol. Samak mburi wis ora ana lan katone naskah iki prothol, ateges ora jangkep sajilid. Cacahe naskah iki ana 79 lembar isi kanthi katulis wolak-walik ana 158 kaca, rong lembar manggala lan samak ngarep. Bahan kang digunakake kanggo samake uga awujud kertas nanging luwih kandel lan rupane luwih coklat peteng. Anggone jilit naskah iki didondomi nganggo benang putih kanthi diwenehi kain rupane putih.

Manggala nuduhake yen sadhuwure seratan aksara Jawa kagambar makutha. Kanthi mangkono, nyethakake kang kagungan naskah SMMM iki sawijining narendra yaiku Gusti Kangjeng Ratu Hangger. Sabanjure ana *manggala* kaca kapindho, isih dicethakake maneh katon ana gambaran kaya dene *stempel* kanthi seratan ‘Kagungan Dalem G. K. R.

Hangger’. *Stempel* mau gambare pesagi papat kaya wajik, kanthi tengaha digambari makutha.

Kahanan tulisane naskah trawaca kanthi cetha. Tegese, tulisane isih apik lan isih bisa diwaca kanthi cetha lan wujud tulisane uga isih apik. Saben kaca ana 19 baris seratan, kanthi diwenehi let sabaris nggunakake aksara Jawa. Kang dadi emane yaiku kahanan telung baris saka ngisor wiwit kaca ngarep nganti mburi katone kasiram banyu, mula dadi remeng-remeng ora pati bisa diwaca.

(5) Ukuran Naskah lan Cacahe Kaca

SMMM jilid VIII iki wujude buku kanthi ambane samak lan kaca sajrone samak beda. Serat iki kasusun saka 158 kaca kalebu manggala ing ngarep ana rong kaca. Saben salemba wolak-walik ana rong kaca, saben kaca ana 19 larik kanthi diwenehi let salarik. Menawa *manggalane* serat ana rong kaca ing ngarep, mung sakaca ora wolak-walik lan cacahe larik luwih sithik lan ora kebak nganti saambane kertas. Kaca kapisan ana salarik, dene kaca kapindho ana telung larik kanthi katulis ing tengah-tengahe kaca.

Dawane kertas samak 29 cm lan ambane 25 cm. Dawane kertas kaca 29 cm lan ambane 24 cm. Ambane tulisan 16 cm lan dawane tulisan 25,7 cm. Wewatesane tulisan sisih dhuwur 2,2 cm, ngisor 1,4 cm, kiwa 2 cm, dene sisih tengen 2,2 cm.

(6) Aksara lan Wujud Tulisan

Aksara kang digunakake sajrone SMMM iki kagolong cetha lan bisa kawaca kanthi gamblang. Katulis kanthi seratan tangan kang tumata lan wujude rada bunder cilik miring nengen utawa diarani negetumbar. Saperangan aksara jawa sajrone naskah iki beda karo tulisan aksara jawa lumrahe. Kanggo nggampangake pamaca ngerten tetenger ngenani panulisane aksara Jawa kang trep, mula ngunakake pedoman saka Padmosoekotjo kang irah-irahane “Wewaton Panulisan Basa Jawa Nganggo Aksara Jawa”. Bisa dingerten i yen kahanan aksarane isih becik lan bisa diwaca kanthi cetha. Panulisane serat kasebut migunakake tinta ireng kanggo nulis aksarane. Sanajan kagolong naskah tuwa, nanging kahanan aksarane isih cetha nuduhake asiling tulisan tangan dudu asil cetakan.

(7) Basane Naskah

Basa nduweni fungsi kang wigati banget anane sajrone naskah. Panggunane basa ing karya sastra bisa digunakake kanggo sarana medharake isi lan tujuwan pamikire pangripta marang pamaos. Basa sastra minangka basa kang nduweni sifat kang khas, kang digunakake dening salah sawijining pangripta. Pangripta sastra lumrahe nggunakake basa kang ora kaya saben dina, pangripta nggunakake basa kang ngandhut sastra utawa basa kang istimewa anggone nyerat sastra (Teeuw, 1984:70S).

Naskah Menak Mondha-mundhu iki nggunakake basa Jawa, dene wujude ana sing

nggunakake ragam krama lan ana sing nggunakake ragam ngoko. Anane basa Jawa krama luwih asring digunakake tinimbang basa Jawa ngoko. Kejaba kuwi, uga asring digunakake tembung kawi, jalaran reriptan sastra lawas lumprahe nggunakake tembung kawi. Naskah iki uga nggunakake basa Arab, jalaran papan panggonan, budaya, lan paraga sajrone naskah menak lumprahe saka Arab.

(8) Wujude Naskah

Wujud panulisan *Serat Menak Mondha-mundhu* kang dadi obyek panliten iki awujud tembang macapat. Hardjawiraga (sajrone Purnomo, 2013:171) ngandharake tembang macapat mujudake Puisi Jawa tradhisional kang kaiket dening paugeran-paugeran tartamtu. Metrum tembang macapat ing sastra Jawa Klasik ing antarane: (1) *Maskumambang*, (2) *Mijil*, (3) *Sinom*, (4) *Asmaradana*, (5) *Kinanthy*, (6) *Dhandhanggula*, (7) *Pangkur*, (8) *Durma*, (9) *Gambuh*, (10) *Megatruh*, (11) lan *Pucung*.

Metrum tembang macapat kang digunakake sajrone naskah iki ana enem, antarane yaiku Gambuh, Durma, Asmaradana, Dhandhanggula, Sinom, lan Pangkur. Irah-irahan metrum tembang kasebut ditemtokake kanthi teknik sasmita tembang. Sasmitane tembang sajrone *SMMM* akeh-akehe dumunung ing pada pungkasan saben pupuh. Jlentrehan ngenani sasmita tembang kang digunakake pangripta sajrone *SMMM* kaandharake ing ngisor iki.

1. Tembung ‘ngunduri’, ‘mundur’, ‘mundura’, lan ‘kondur’ minangka sasmitane tembang Durma
2. Tembung ‘asmara’, ‘kasmaran’, lan ‘brongta’ minangka sasmitane tembang Asmaradana
3. Tembung ‘angguladrawa’, lan ‘srengkara’ minangka sasmitane tembang Dhandhanggula
4. Tembung ‘nom-noman’, ‘angroning kamal’, lan ‘taruna’ minangka sasmitane tembang Sinom
5. Tembung ‘kapungkur’, ‘mungkur’, lan ‘ngungkurena’ minangka sasmitane tembang Pangkur

Serat Menak Mondha-mundhu kasusun ana 24 pupuh lan saben pupuh cacahe pada beda-beda, gumantung marang pangripta. Metrum kang digunakake dening pangripta nuduhake karakteristik pangripta kang pinter anggone ngolah basa. Basa Jawa kang digunakake nengenake anane purwakanthi lan unggah-ungguh basa kang rinonce kanthi endah.

(9) Isine Naskah

Kanggo nggampangake anggone mangertenii apa kang dadi isine crita sajrone Serat Menak Mondha-mundhu Jilid VIII iki, mula kudu dijlentrehake saben pupuh. Serat iki nduweni 24 pupuh yaiku (1) Gambuh, (2) Durma, (3) Asmaradana, (4) Dhandhanggula, (5) Asmaradana, (6) Sinom, (7) Pangkur, (8) Durma, (9) Pangkur, (10) Asmaradana, (11) Sinom, (12) Durma, (13) Asmaradana, (14) Pangkur, (15) Durma, (16) Pangkur, (17) Durma, (18) Asmaradana, (19)

Dhandhanggula, (20) Sinom, (21) Pangkur, (22) Asmaradana, (23) Pangkur, Lan (24) Asmaradana.

Ringkesan crita saben pupuh mau nuduhake isine *SMMM Jilid VIII*. Wiwit pupuh siji nganti pupuh patlikur mau minangka sawijine crita kang runtut. Sejatine sakabehane crita wiwit ngarep ngati pungkasan mung ngrembug tumindake paraga-paraga Islam anggone nelukake paraga kafir. Yen gelem salin agama Islam bakal diakoni umat Islam, dene ora gelem masuk Islam bakal disirnakake.

Serat Menak iki dumadi saka telung lakon, sepisan sajrone pupuh 1-3 nyritakake paprangan antarane Sultan Kamidilngalam (Amir Hambyah) anggone numpes ratu kafir kang dedelikan sajrone telaga Mondha-mundhu, kapindhone pupuh 4-10 nyritakake paprangan antarane umate Nabi Muhammad mungsuh wadya kafir kang dipandhegani dening Pandhita Rahib ing Mekah, lan kaping telune pupuh 11-24 nyritakake paprangan antarane anak lan bapak yaiku Sayid Sahib lan Pandhita Rahib ing negara Kebar.

(10) Struktur Reriptan Sastrane Serat Menak Mondha-mundhu

Serat Menak Mondha-mundhu wujude sastra mliline *Epik-Kepahlawanan* kang nduweni struktur batin lan ngandhut pamikiran ngenani gegambaran tumindak nglampahi panguripan sabendinan. Struktur reriptan sastrane *Serat Menak Mondha-mundhu* kang bakal dirembug iki kaperang dadi loro, yaiku struktur lair lan struktur batin. Struktur batine *SMMM* ora uwah saka struktur lair tembang macapat. Perangan struktur batin kang diandharake kayata tema, paraga lan pamaragan.

Struktur batin *SMMM* ora bisa uwah saka wewujudane tembang macapat. Perangan kang dirembug sajrone struktur batin kayata tema, paraga lan pamaragan. *Serat Menak Mondha-mundhu* klebu jinis *Epik-Kepahlawanan* utawa diarani kaprawiran Islam kang isine wiracarita, mula temane *SMMM* iki yaiku bab kaprawiran. Perjuwangane para umat Islam anggone ngeslamake para kafir, lila ngorbanake jiwa ragane kanggo perang mungsuh wong kafir. Islam minangka agama suci, amung Gusti Allah minangka sesembahan sakehe umat lan Nabi Muhammad minangka dutanipun Gusti Allah. Kanthi mangkono, sakehe kafir kang ora gelem salin agama Islam kudu dibrasta jalaran minangka durjana.

Serat Menak Mondha-mundhu sejatine ora mung nyritakake mligi salakon crita kaya serat menak umume, nanging ana 3 lakon crita. Kanthi mangkono saben lakon nduweni paraga utama kang beda-beda. Serat menak kanthi umum lumprahe kang dadi paraga utama Amir Hambyah, nanging wiwit pupuh 5 nganti pupuh 24 kang dadi paraga utama yaiku Nabi Muhammad. Saben paraga nduweni wewatakan kang beda-beda, ana sing nduweni sipat becik lan ana sing nduweni sipat ala.

(11) Pambedane Karakteristik SMMM lan Serat Menak Umume

Sawise diandharake kabeh ngenani karakteristike SMM, bakal dibandhingake klawan karakteristike Serat Menak Yasadipuran kang nduweni 24 irah-irahan. Serat Menak Yasadipuran iki wis umum banget ngrembaka ing masyarakat lan wis akeh kang naliti. Serat Menak kanthi irah-irahan Mondha-Mundhu iki dibandhingake klawan Serat Menak Umume jalanan ora katemokake ing ngendi papan. Wis dicoba digoleki ing Museum Radya Pustaka Semarang, Museum Mpu Tantular Sidoarjo, Balai Pelestarian Nilai Budaya (BPNB) ing Yogyakarta (sakabehe naskah wis awujud digitalisasi), web <https://alangalangkumitir.wordpress.com/>, uga ing google ora ditemokake.

Saka andharan karakteristike SMMM iki, katon gamblang bab-bab kang beda klawan umume Serat Menak kang wis ana, senadyan beda mesthi tetep isih nduweni sesambungan. Bab-bab kang beda klawan Serat Menak umume (Yasadipuran), ing kene mengko dianggep oposisi biner. Kejaba kuwi bisa diarani paradoks ing antarane bab sing wis umum klawan bab sing ora (durung) umum. Jumbuh klawan teori Dekonstruksi Jacques Derrida yaiku panampik tumprap Logosentrisme lan Fonosentrisme kanthi nuwuhake oposisi biner lan cara-cara anggone menggalih bab liyane. Oposisi biner sajrone karakteristike SMMM iki ditemokake ing Irah-irahane naskah lan isi critane naskah.

a. Irah-irahane naskah

Irah-irahan minangka bab kang paling wigati, jalanan lumantar irah-irahan bisa dimangertenii gegambaran isine naskah kanthi umume. Ora saben naskah kaserat irah-irahane. Kaya kang wus kaandharake ing ndhuwur yen Irah-irahane naskah iki yaiku Serat Menak Mondha-Mundhu Jilid VIII, kang kabukti manggon ing Manggalane Naskah.

Tetembungan *Mondha-mundhu* ing kene wigati banget, jalanan serat menak kang umume ngrembaka ing masyarakat cacahe ana 24 irah-irahan lan ana 45 jilid minangka yasane Kyai Yasadipura. Wujude nggunakake aksara Jawa mawa tembang macapat, kang diterbitake dening Balai Pustaka ing taun 1933-1938. Irah-irahan mau yaiku (1) *Menak Sarehas*, (2) *Menak Lare*, (3) *Menak Serandil*, (4) *Menak Sulup*, (5) *Menak Ngajrak*, (6) *Menak Demis*, (7) *Menak Kaos*, (8) *Menak Kuristam*, (9) *Menak Biraji*, (10) *Menak Kanin*, (11) *Menak Gandrung*, (12) *Menak Kanjun*, (13) *Menak Kandhabumi*, (14) *Menak Kuwari*, (15) *Menak Cina*, (16) *Menak Malebari*, (17) *Menak Jaminambar*, (18) *Menak Purwakandha*, (19) *Menak Kustub*, (20) *Menak Kalakodrat*, (21) *Menak Sorangan*, (22) *Menak Jamintoran*, (23) *Menak Talsamat*, lan (24) *Menak Lakad*. Kabeh irah-irahan Serat Menak mau diarani Menak Yasadipuran.

Serat Menak umum (Yasadipuran) ing ndhuwur, cetha yen irah-irahane kajupuk saka salah siji jenenge paraga utama utawa kajupuk saka jeneng sawijine negara, kaya mangkene; Tembung *Sarehas* kajupuk

saka jenenge Ratu ing negara Madayin. Tembung *Serandil* kajupuk saka negarane Prabu Lamdahur (ratu kafir). Tembung *Sulup* kajupuk saka aran sawijine negara, papan panggonan nalika Wong Agung dikunjara. Tembung *Ngajrak* kajupuk saka negarane ratu jin. Tembung *Damis* kajupuk saka jenenge ratu, minangka papan umpetane Prabu Nursewan. Tembung *Kaos*, *Kuristam*, *Biraji*, *Kanjum*, *Kuwari*, *Purwakandha*, lan *Kustub* kajupuk saka aran sawijine negara minangka papan umpetane Prabu Nursewan. Tembung *Kandhabumi* kajupuk saka aran sawijine negara minangka pepalangging Amir Hamzah nglamar putri. Tembung *Cina* kajupuk saka arane negara kang kepengin dhaup klawan Wong Agung. Tembung *Malebari* kajupuk saka arane negara, ratu ing *Malebari* bebesanan klawan Wong Agung. Tembung *Kalakodrat*, lan *Sorangan* minangka aran sawijine negara kang nyawiji klawan kafir bakal nggempur Mekah. Tembung *Jamitoran* minangka aran sawijine negara, putrane Wong Agung bakal didhaupake klawan putraneratu ing negara *Jamitoran*. Tembung *Talsamat* kajupuk saka jenenge pandhita ing Ngajam. Tembung *Lakad* kajupuk saka aran sawijine negara kanggo umpetane Raja Hirman (anak turune prabu Nursewan). Bab iki wis umum ngrembaka ing masyarakat papan ngendi wae lan wis akeh kang naliti.

Bab kang beda klawan kahanan kang wus umum yaiku mapan ing Irah-irahan *Mondha-Mundhu*. Sejatiné tetembungan *Mondha-Mundhu* sajrone crita yaiku aran sawijine telaga minangka papan panggonan kedadeyané crita. Kanthi mangkono, yen kawawas saka irah-irahane naskah bisa mangertenii gegambaran isi critane naskah.

Tetembungan *Mondha-mundhu* minangka irah-irahan, ora ditemokake sajrone Serat Menak liyaliyane. Kanthi mangkono, SMMM iki bisa ditafsirake kalebu crita carangan utawa sanggite pangripta naskah. Bab sing beda klawan padatan mapan ing irah-irahan tetembungan *Mondha-mundhu*. Padatane irah-irahan mono kajupuk saka sawijine negara kang bakal ditelukake dening Wong Menak utawa jeneng sawijine paraga, nanging tetembungan *Mondha-mundhu* jebul sawijine telaga.

Bab iki dianggep oposisi biner kang nyolok, cetha ing kene pangripta kepengin ucul saka tatanan struktutre kang wus ana lan kang wus ngrembaka ing masyarakat ngendi papan. Pangripta nduweni pamikiran kang kreatif banget, beda klawan crita kang wus ana, kanthi mangkono karya sastra mlige Serat Menak bisa sansaya ngrebaka lan endah. Pranyata anggone menggalih tumprap karya sastra ora mung mligi manut tatanan struktutre kang wis ana lan kang wus umum wae, nanging bisa kawawas saka bab kang ora saumume utawa walikane. Struktur kang wus umum bisa ditentang. Bab iki diarani teori Dekonstruksi Derrida, yaiku panampik tumprap Logosentrisme lan fonosentrisme kanthi nuwuhake oposisi biner lan cara-cara anggone menggalih bab liyane kang asipat hierarkis dikotomis.

b. Isi Critane

Isi critane SMMM lan Serat Menak umume isih padha-padha nyritakake kaprawiran Islam, yaiku paprangan ing antarane wadya kafir lan wadya Islam. Bab kang dadi pambedane ing kene, ditemokake oposisi biner yaiku paraga utama sajrone crita. Dekonsruksi miturut Jacques Derrida yaiku panampik tumrap Logosentrisme lan fonosentrisme kanthi nuwuhake oposisi biner lan cara-cara anggone menggalih bab liyane kang asipat hierarkis dikotomis.

Serat Menak umume mesthi nyritakake paraga utama yaiku Amir Hamzah, nanging ing SMMM iki sing dadi paraga utama yaiku Nabi Muhammad. Senadyanta Nabi Muhammad minangka paraga utama, nanging kalungguhane paraga Amir Hambyah ora kalindihih. Paraga Amir Hamzah nduweni kalungguhan minangka pamane Nabi Muhammad, dene Nabi Muhammad kalungguhane minangka dhutaning Allah, dadi lelorone padha-padha ngajeni. Nabi Muhammad diarani paraga utama jalaran sajrone SMMM asring dicritakake wiwit pupuh 4 nganti pupuh pungkasan.

Serat Menak Yasadipuran kang uga nyritakake paraga Nabi Muhammad yaiku Menak *Lakad*. Ringkese crita Menak Lakad yaiku nyritakake paprangan antarane Nabi Muhammad klawan Ratu Lakad lan Ratu Janggi. Amir Hamzah kadhapuk minangka pangarsane wadya bala perang, nanging karana pokal julige Ratu Janggi, Amir Hamzah gugur ing palagan. Nabi Muhammad kasil lumayu banjur dedelikan ana sawijine guwa. Pungkasane crita, Baginda Ngali kasil ngalahake Ratu Lakad lan Ratu Janggi. Critane Menak Lakad iki luwih nengenake paraga Amir Hamzah minangka paraga utama, beda klawan SMMM. Saka crita Serat Menak Lakad iki bisa dibandhingake klawan SMMM. Lelorone padha-padha nyritakake yen Paraga Amir Hamzah minangka prawira Islam kang seneng perang langsung ngadhepi mungsuhan-mungsuh.

Pambedane yaiku sajrone SMMM luwih nuduhake Nabi Muhammad minangka dhutaning Allah kautus nyebarake agama Islam, kang asring pikantuk mukjizat saking Allah. Tuladhane nuduhake Nabi Muhammad nalika isih bayi bisa netokake banyu saka driji sikile. Kejaba kuwi kang paling onjo yaiku bisa tata jalma klawan bangsane sato kewan, kamangka Serat Menak Umume ora tau nyritakake kaya mangkene. Karana rasa welas asihe lan rasa gatene tumrap bangsane sato kewan, Nabi Muhammad nalika ngadhepi wadya kafir kang cacahé maewu-ewu pikantuk sabiyantu saka bangsane sato kewan. Aja maneh bangsane sato kewan, umat Muslim kabeh kalebu Pamane dhewe (Amir Hamzah) tundhuk, ngajeni lan njunjung dhuwur marang Nabi Muhammad.

Ora mung paraga Nabi Muhammad wae kang nduweni pambeda tumrap crita umume sajrone serat menak Yasadipuran, nanging uga Amir Hamzah. Umume paraga Amir Hamzah nalika kapethuk klawan wanita minangka putrane mungsuhan, luwih-luwih nduweni rupa kang sulistya ing warna mesthi gandrung banjur kapundhut garwa. Kanthi mangkana

pengapesane mungsuhan bisa diweruhi saka putrane mungsuhe kuwi dhewe (kang wus dipundhut garwa). Beda klawan SMMM iki, nalika patih Umarmaya kasil nyidra dewi Runayanis minangka anake ratu jim kafir, Amir Hambyah malah masrahake wanita mau marang patih Umarmaya. Karana Dewi Runayanis ora gelem nuduhake papan dununge ramane, mula patih Umarmaya kapeksa mateni Dewi Runayanis. Dadi crita kang nggambaraké asmara sajrone SMMM iki ora ana babar pisan, cetha beda banget klawan Serat Menak Yasadipuran.

Ditemokake bab kang ora salumprahe maneh kang dianggep oposisi biner, Serat iki irah-irahane Mondha-mundhu kang nduweni 24 pupuh, nanging bab kang nyritakake ing papan panggonan (ing telaga Mondha-mundhu) mung ana pupuh 1 nganti pupuh 3 wae. Kamangka umume sawijine judhul mesthi kajupuk saka punjere papan panggonan utawa tumindak-tumindake paraga utama sajrone crita.

Bab-bab kang beda utawa kang dianggep oposisi biner iki nganeh-nganehi, nanging pancewé wis diseja dening pangriptane. Cetha ing kene pangripta kepengin nampik lan ucul saka tatanan strukture kang wus ana lan wus ngrembaka ing masyarakat umum. Pangripta nduweni pamikiran kepengin nggayutake crita klawan bab liyane kang dianggep bisa ndadekake asil reriptane bisa luwih apik maneh. Bab iki uga minangka kreatifitasé pangripta kang diarani sanggite crita, lan durung ana ing crita-crita sadurunge. Pranyata saben pangripta nduweni sanggit crita dhewe-dhewe senadyanta padha temane. Sakabéhane andharan ing ndhuwur iki mau jumbuh klawan prinsip-prinsip teori Dekonstruksi yaiku 1) nggoleki unsur-unsur aporia (makna paradoks, makna kontradiktif lan makna ironi), 2) kanthi sengaja malik utawa ngowahi makna-makana kang sadurunge wis dikonvensionalake.

Suntingan lan Terbitan Teks Naskah Menak Mondha-mundhu Jilid VIII

Serat Menak Mondha-mundhu Jilid VIII kaserat kanthi nggunakake aksara Jawa (tulisan tangan). Serat mau minangka asiling tulisan tangan saka salin-sumaline naskah dening pujangga, mula saka iku trap-trapan suntingan dadi bab kang wigati. Kagiyatan nyunting kang ditindakake klebu mbenerake, nambahi, lan ngurangi aksara utawa tembung uga ukara kang dianggep ora laras karo ejaan, isi lan konteks ukarane. Kajaba iku, panliti uga nganakake tetimbangan ngenani kaluputan sajrone serat kasebut, klebu bab kang ora ajeg, lan nyimpang utawa kleru. Tetimbangan kang ditemokake mau, banjur diandharake ing aparat kritis.

(1) Lelandhesane Suntingan Teks

Lelandhesan suntingan teks mujudake perangan dhasar tandha kang digunakake sajrone nyunting teks SMMM. Sawenehing tandha mau tujuwane supaya nggampangake pamaca ngertené bab suntingan teks. Trap-trapan kang ditindakake dening panliti ing antarane, 1) Naskah ditulis maneh kanthi aksara kang beda, 2) Menehi tetenger tumrap kaluputan sajrone

naskah kanthi metode kang trep, 3) Banjur kaluputan kang ditemokake mau dilarasake marang paugeran kanthi menehi panyaru (komentar) saka owah-owahan teks.

Serat Menak Mondha-mundhu iki ditliti kanthi nggunakake metode suntingan teks edhisi standhar. Metode edhisi standhar iki digunakake supaya luwih gampang diwaca lan dingertenis asile panliten. Kanthi mangkono perlu anane tandha-tandha kang digunakake nyunting teks sajrone *Serat Menak Mondha-mundhu Jilid VIII*.

(2) Asil Suntingan Teks

Asiling transliterasi *Serat Menak Mondha-mundhu* saka aksara Jawa menyang aksara Latin, disunting tumrap perangan-perangan pupuh kang kapilih. Perangan pupuh kang disunting yaiku pupuh I (Gambuh), pupuh X (Asmaradana), lan pupuh XXII (Asmaradana). Katelu pupuh mau dipilih jalaran akeh bab-bab kang narik kawigatenan laras klawan ajining kaprawiran. Sajrone pupuh I (Gambuh) nyritakake paprangan ing tlaga Mondha-Mundhu kang kawiwitan saka bebedane mungsuhan klawan Sultan Kamidilngalam saandhahane. Sajrone pupuh X (Asmaradana) nyritakake Nabi Muhammad kang bisa cecaturan lan paring pitulungan klawan bangsane sato kewan. Sahengga ewonan bangsane sato kewan ganti paring sabiyantu ing paprangan mungsuhan wadya kafir. Sajrone pupuh XXII (Asmaradana) nyritakake paraga Sayid Sahib minangka putra saka gurune ratu-ratu kafir kang jaluk pitulungan marang Nabi Muhammad. Tundhane Sayid Sahib maju ing palagan minangka senopati perang mungsuhan ramane.

(3) Aparat kritik

Suntingan teks *Serat Menak Mondha-mundhu Jilid VIII* mau, dicathet lan diwenehi komentar sajrone aparat kritik saengga nuwuhake tapsiran liya saka pamaca. Aparat kritik nduweni tujuwan kanggo ngerten lan mbenerake wujud teks sajrone *SMMM*. Aparat kritik katindakake kanthi adhedhasar tembung-tembung utawa ukara kang gegayutan marang topik ing panliten iki. Tembung utawa ukara kang dipilih kasebut nduweni kaluputan diwenehi bebener lan cathethan kanggo nggampangake nafsirake maksud lan tujuwan teks kasebut. Teks-teks utawa tembung kang dipilih diwenehi cathethan, mula kanggo nengeri teks kang ana sajrone naskah lan suntingan teks digunakake singkatan supaya luwih ringkes, yaiku tandha (N) kanggo tembung saka naskah, tandha (A) kanggo tembung asal, lan tandha (S) nuduhake asiling suntingan teks saka tembung sajrone naskah.

(4) Komentar

Komentar ing kene tegese ngomentari tembung-tembung kang dianggep nyulihi apa kang dadi topik ing panliten, banjur narik kawigaten supaya disunting. Tembung-tembung kang dikomentari banjur

diandharake miturut nomer kang wis diwenehake ing suntingan teks.

Ajining Kaprawiran

Sudkaryanto (2001:929) uga ngandharake yen prawira yaiku wong kang luhur bebudene lan saguh ndhadhagi utawa mbelani nusa lan bangsane. Prawira yaiku kang mbelani bangsa lan nduweni kasekten kanggo mbrastha kadurjanan-kadurjanan kang dadi pepalang tumrap katentremane masyarakat. Wiratmo Soekito (sajrone Baried, 1985:149) uga ngandharake yen prawira yaiku sapa wae kang *ber-juwang* kanthi gagah prakasa kanggo merjuwangake kamardikaning negara. Bisa diarani yen prawira yaiku manungsa kang kepengin merdekakake bangsane saka mungsuh. Diarani prawira mono ora mung wasis sajrone olah perang kanggo mbela bangsa ngalahake mungsuh. Ana sing diarani prawira sastra, prawira reformasi agama, politik lan liya-liyane. Bakune, prawira bisa ndadekake kedadeyan kang gedhe sajroning sejarah, mula ora dipandeng salumprahe. Kejaba kuwi, prawira lumprahe mesthi nduweni aji tumrap masyarakat.

(1) Kaprawiran Umume sajrone Serat Menak

Paraga utama sajrone crita Menak yaiku Amir Hambyah kang nduweni wewatakan kaprawiran. Sajrone crita Menak, paraga Amir Hambyah uga diarani Bagendha Hambyah, Bagendha Amir, Sang Menak, Wong Menak, Sang Jayengrana (dumadi saka tembung *jaya* tegese menang dene *rana* saka tembung rananggana kang tegese paprangan dadi mesthi menang ing paprangan), Jayengsatu (dumadi saka tembung *jaya* tegese menang dene *satu* tegese mungsuh, dadi mesthi menang sajrone ngadhepi mungsuh), Jayengmurti (dumadi saka tembung *jaya* tegese menang dene *murti* tegese linuwih utawa banget, dadi mesthi paling menang dhewe), Jayengpalugon (dumadi saka tembung *jaya* tegese menang dene *palugon* tegese paprangan dadi mesthi menang ing paprangan), Wong Agung (tegese pawongan kang gedhe ing babagan lelabuhane marang umat Islam), Sultan Kamidilngalam (dumadi saka tembung *kami* tegese banget, *dil* saka tembung adil, dene *ngalam* saka tembung alam, dadi pawongan kang paling adil ing alam iki), Jeng Sultan, lan Kanjeng Sultan. Dheweke nduweni lelabuhan kang gedhe tumrap pangrembakane syiar agama Islam, anggone perang numpes para raja kafir saka sawijine negara menyang negara liya. Kejaba kuwi, Amir Hambyah mesthi unggul ing payudan ing antarane wadya Islam lan wadya kafir. Mula mungsuhe kang kalah tundhane gelem salin agama Islam.

Amir Hambyah digambarake nduweni wewatakan lan jiwa kang becik, pawongan kang seneng paring seputra marang kaluputane pawongan liya. Senadyanta kaluputane mungsuhan-mungsuhé bakal cilike gawe cilaka gedhene nganti gawe patine Amir Hambyah, tetep disepura. Tuladhane Prabu Nusirwan lan patih Bestak sing bola-bali mbudidaya ngerah patine Sang Amir, nanging tundhane mesthi dingapura

kaluputane. Nalika Medayin bakal dilurug raja Lamdahur saka negara Serandhil, Hambyah disuwuni pitulungan. Hambyah unggul ing payudan, Lamdahur tundhuk lan gelem masuk agama Islam.

Titikan kaprawirane Hambyah bisa dideleng yen ta dheweke lunga saka negarane lan kawulane jalaran ngasta jejibahan kang suci. Dheweke antuk maneka warna pepalang sadalan-dalan sajrone lakune, ananging dicritakake dheweke mesthi bali nggawa pawarta yen unggul ing payudan lan bisa gawe bungahing kawulane. Sipat-sipate Hambyah kang sarwa becik mau bisa nandhesake kalungguhane minangka prawira prang, pambela pribadi muslim, lan bakal dadi patuladhan tumrap sapa wae. Crita ke-Islaman kang katon onjo sajrone Serat Menak uga nandhesake kalungguhane Hambyah minangka prawira Islam kang antuk jejibahan nyebarake agama. Gegayutane crita klawan struktur lan maneka aspeke diripta karana kanggo sarana dakwah. Kolaborasi ing antarane budaya Jawa klawan budaya Islam ndadekake crita iki gampang katrima dening masyarakat Jawa, kepara dadi wacan kang digandrungi dening masyarakat umum.

(2) Kaprawirane Nabi Muhammad sajrone SMMM

Serat Menak Mondha-mundhu jilid VIII iki banget narik kawigaten. Sajrone pupuh kapisan nganti pupuh ke telu isih nyritakake paraga utama yaiku Amir Hambyah kang asring kasebut Sultan Kamidilngalam, nanging sabanjure wiwit pupuh IV nganti pungkasan nyritakake paraga utama yaiku Kanjeng Nabi Muhammad. Pupuh I nganti III nyritakake kaprawirane Sultan Kamidilngalam anggone ngumbara nggoleki kutha-kutha kang isih kafir, kepara bakal disirnakake. Jeng Sultan didherekake para ratu telukan kang manut reh prentahe, ing antara yaiku Umarmadi lan Umarmaya. Kanthi paring parentah klawan Umarmaya kang minangka patihe, tundhane kasil numpes bangsane seluman kang mapan ana sajrone telaga Mondha-mundhu.

Sawise kasil nyirnakake para seluman kafir, Sultan Kamidilngalam bakal nerusake laku tumuju Mekah. Lakune Amir Hambyah tumuju Mekah dicritakake sajrone pupuh IV lan paraga Nabi Muhammad wiwit dicritakake ing pupuh iki. Senadyanta pangripta ora nyritakake paraga Nabi Muhammad kanthi gamblang wiwit pupuh IV nganti pupuh XXIV, nanging Nabi Muhammad kang dadi punjere crita minangka paraga utama. Amir Hambyah isih kalebu sedulure Nabi Muhammad, kapernah *paman* Nabi Muhammad, mula Nabi Muhammad tansah ngajeni tumrap Sultan Kamidilngalam. Semono uga Amir Hambyah uga tansah ngajeni tumrap Nabi Muhammad, jalaran minangka Nabi utusaning Allah nyebarake agama Islam uga panutane umat.

Nabi Muhammad kang umume dadi paraga panyengkuyung sajrone serat menak, nanging ing kene kepara dadi paraga utama minangka prawira Islam. Amir Hambyah lan Nabi Muhammad padha-padha

minangka pangarsa lan prawira Islam, nanging senadyan padha prawirane mesthi nduweni pepadhan lan pambeda. Kaprawirane Nabi Muhammad kang dicritakake sajrone SMMM jilid VIII iki nduweni watak bawalaksana.

(3) Watak Bawalaksana

Saben prawira mesthi nduweni wewatakan dhewe-dhewe kang nuduhake kapribadene. Watak minangka kang mangaribawani sakabehe pikiran, solah bawa, budi pekerti kang diduweni dening manungsa. Sutamjo (1993:17) ngandharake yen watak berbudi bawalaksana yaiku wewatekane prawira utawa pemimpin kang kudu diduweni, amarga bawalaksana iki dianggep nilai kang dhuwur kang kudu diduweni senajan ta kudu bisa nglakoni sipat-sipat apik liyane.

Bawalaksana uga ngandhut nilai-nilai kang becik sarta kudu diugemi tumrap sekabehe wong becik. Luwihi ditengenake maneh yen pangarsa kuwi kudu nduweni sipat wibawa. Crita Menak Mondha-Mundhu iki nduweni paraga utama minangka pangarsa uga prawira, mula paraga Amir Hambyah lan Nabi Muhammad nduweni wewatakan bawalaksana. Wewatakan mau bakal kajlentrehake, ing antarane yaiku *kinajenan, bela negara, lan tetulung marang bangsane sato kewan*.

Kinajenan ing kene sing dikarepake yaiku wong sing nduweni wibawa kang gedhe, mula banget diajeni dening sapa wae. Pawongan kang wibawa mesthi diajeni dening pawongan sapa wae. Titikane wong sing diajeni lumprahé awit saka tindak-tanduke utawa tumindake kang becik, sahengga bisa ditampa dening masyarakat umume. Kaping pindhone uga nduwe kaluwhian kang awujud kapinteran utawa kawasian tartamtu kang luwih-luwih tinimbang liyane. Apa maneh kaluwhiane mau mung diduweni dhewe tanpa ana wong sing bisa nerokake lan nindakake. Pawongan kang sugih bandha donya lan nduweni kalungguhan kang dhuwur, kuwi uga bisa dadi pawongan kang kinajenan dening sapa wae, nanging yen tumindake ala lan ora duwe kawasian tartamtu ya uga ora bakal kinajenan dening masyarakat umum. Mula pawongan kang kinajenan karana tumindak kang becik lan nduweni kawasian tartamtu, karo pawongan kang kinajenan karana nduwe bandha donya matumpuk-tumpuk kuwi cetha beda. Pawongan kang diajeni tumrap manungsa liyane berarti pawongan mau wis nduweni labuh-labet tumrap bangsa lan negarane. Nabi Muhammad lan Amir Hambyah nduweni cara dhewe-dhewe kanggo mbebelia tumrap negarane. Nabi Muhammad ora mung mbebelia tumrap umat muslim wae, nanging uga gelem tetulung tumrap bangsane sato kewan.

Manungsa ing ngalam ndonya iki dititahake murih gelema padha tetulung marang sapadane urip. Ora ana manungsa kang urip bisa madeg dhewe tanpa pitulungan manungsa liyane. Kanthi mangkana urip ing ndonya iki ora uwal saka tulung-tinulung marang sapadane. Malah sapa sing gelem tetulung marang sapa

wae kang lagi nandhang kacingkrangan, mula bakal antuk ganjaran saka Gusti kang Akarya Jagad saisine iki. Kejaba kuwi, lumprahé sapa sing gelem tetulung mesthi antuk piwales saka sing ditulung senadyan anggone nulung tanpa pamprih. Bab mau ora mung kanggo manungsa wae, nanging bangsane sato kewan wae yen ditulung mesthi kepengin males tumrap sing nulung.

Wewatakan mau, bakal dibandhingake ing antarane paraga utama umume ing crita menak yaiku Amir Hambyah klawan wewatekane Kanjeng Nabi Muhammad. Senadyanta padha-padha minangka prawira Islam kang tujuwane padha, nanging mesthi nduweni wewatakan kang beda. Wewatakan mau bakal kajlentrehake ing ngisor iki.

Amir Hambyah

Amir Hambyah minangka sawijining pangarsa lan prawira kang nduweni wewatakan becik tumrap bangsa lan negarane. Kejaba kuwi, Amir Hambyah uga nduweni wewatakan bawalaksana, ing antarane yaiku Kinajenan lan Bela Negara. Wewatakan mau mesthi nduweni pambeda klawan wewatakan Nabi Muhammad.

a) Kinajenan

Amir Hambyah kapernah minangka pamane Nabi Muhammad kang uga nduweni kawibawan, mula uga kinajenan klawan para andhahane mligine para ratu kang wus ditelukake. Amir Hambyah minangka prawira kang nduweni kaluwihan, saben perang ora tau kalah kepara mesthi menang. Wus kondhang kaloka kasektene Amir Hambyah mligine bab olah perang. Pirang-pirang ratu kafir kang wus kasil dikalahake banjur dadi telukake. Kabeh padha sumuyud lan anut dhawuhe Amir Hambyah, nindakake tumindak kang becik uga nyinkiri kadurjanan. Bisa kabuktekae lumantar cupikan ing ngisor iki.

//datan kawarna ing marga/
sampun dumugi nagri Kopah enjing/
ndhawuhken serat jeng Rasul/
marang bagendha Hambyah/
wus winaca penget iki surat ingsun/ dhumateng
pun paman Hambyah/
wose paring udaneni//
(Pupuh VII, Pada 09)

Cuplikan ing ndhuwur nyritakake nalika negara Mekah kinepung dening maewu-ewu wadyabala kafir, anak muride Pandhita Rahib. Mekah rumangsa kadhesek dening wadya kafir jalaran saking akehe wadya kang ngepung. Mula Rasulullah sigra mrintahake bagendha Ngali murih maringake nawala dhumateng Paman Hambyah. Isine serat yaiku murih paman Hambyah paring pitulungan marang negara Mekah, kang wus kinepung maewu-ewu wadya kafir anak muride Pandhita Rahib. Mula katuran enggala kondur ing negara Mekah, paring sabiyantu ngadhepi mungsuh kang teka. Nalika kuwi, paman Hambyah lagi perang lumawan ratu kafir ana negara Kopah. Sawise panggih lan pinaringan nawala saka bagendha Ngali

sigra maos isining nawala. Bareng ngerti yen Mekkah lagi kinepung dening wadya kafir anak muride Pandhita Rahib, Amir Hambyah sigra ninggalake paprangan lan enggal bali ing Mekkah.

Saka crita mau kabukti yen Amir Hambyah minangka pawongan kang sekti ing babagan olah perang. Prnyata Nabi Muhammad kepara utusan bagendha Ngali murih nyuwun sabiyantune paman Hambyah. Kanjeng Rasul pracaya ya mung paman Amir Hambyah kang bisa sabiyantu numpes wadya kafir kang cacahe maewu-ewu mau. Cetha yen Nabi Muhammad minangka ponakan kang tansah ngajeni tumrap pamane, yaiku Amir Hambyah. Nalika antuk pawarta paman Hambyah rawuh ana ing paprangan, Kanjeng Nabi lan para Sakabat padha methuk rawuwe arsa sungkem.

Saking sektine ing babagan olah prigele perang, lan tumindake kang becik, mula kabeh padha ngajeni marang Amir Hambyah. Kepara sajrone serat Menak Mondha-Mundhu iki, Amir Hambyah nganti diundhang kanthi aran Sang Jayenggrana (dumadi saka tembung *jaya* tegese menang dene *rana* saka tembung rananggana kang tegese paprangan dadi mesthi menang ing paprangan), Jayengsatru (dumadi saka tembung *jaya* tegese menang dene *satu* tegese mungsuah, dadi mesthi menang sajrone ngadhepi mungsuh), Jayengmurti (dumadi saka tembung *jaya* tegese menang dene *murti* tegese linuwih utawa banget, dadi mesthi paling menang dhewe), Jayengpalugon (dumadi saka tembung *jaya* tegese menang dene *palugon* tegese paprangan dadi mesthi menang ing paprangan), Wong Agung (tegese pawongan kang gedhe ing babagan lelabuhane marang umat Islam), Sultan Kamidilngalam (dumadi saka tembung *kami* tegese banget, *dil* saka tembung adil, dene *ngalam* saka tembung alam, dadi pawongan kang paling adil ing alam iki).

b) Bela Negara

Minangka pahlawan perang-Islam, Amir Hambyah nduweni fisik kang kuwat lan gagah prakosa. Amir Hambyah nduweni kapinteran lan kawasian kang linuwih, mligine bab olah prigele perang, mula ora aneh yen saben paprangan mesthi unggul ing payudan. Pirang-pirang cacahe ratu kafir kang wus ditelukake lan dadi pendhereke anggone ngumbara merangi ratu-ratu kang isih kafir. Kabeh padha ngajeni lan anut reh prentahe. Wus kabukti yen Amir Hambyah minangka pawongan kang ora duwe wedi marang mungsuah-mungsuh. Bisa kadeleng lumantar cuplikan SMMM jilid VIII, pupuh VIII pada 36 ing ngisor iki.

//datan kewran Wong Menak kineru ing prang/
sigra angangkat bindi/
putra kalih Kebar/
samyia tinitah gada/
remuk sirahe ngemasi/
tumibeng lemah/
ajur lan kuda neki//
(Pupuh VIII, Pada 36)

Cuplikan ing ndhuwur nyritakake tandhange Bagenda Hambyah sajrone paprangan nalika ngadhepi mungsuhe yaiku satriya kembar kang aran Daljah lan Jangidaljah kang nglurug Mekah. Lelorone gawa senjata kang awujud gada wesi, wadya Islam kang nyawang mesthi wedi. Padha sesumbar natang Bagenda Hambyah, sahengga gawe dukane Amir Hambyah. Wong Menak sigra ngangkat bindi, banjur katamanake marang putra ratu Kebarngalam mau. Sakala gugur ing palagan, remuk sirahe Daljah lan Jangidaljah tumiba ing lemah klawan turangga minangka titihane.

Saka cuplikan crita ing ndhuwur cetha yen Amir Hambyah nduweni prinsip kanggo mbela negarane. Bisa diarani yen Amir Hambyah nduweni prinsip tanpa menehi kalodhangan (*kesempatan*) tumrap mungsuhe kang ora bisa dieman. Kabuki yen sapa wae mungsuhe sing ora gelem nungkul bakal ditumpes tapis tanpa sisa. Dheweke ora menehi welas asih marang mungsuhe, jalaran yen ana mungsuhe utawa wadya kafir kang gugur ing palagan brati mungsuhe saya suda. Saya sudane wadya kafir, saya ringkihe mungsuhe. Kanthi mangkana bakal bisa ngalahake gurune para ratu kafir, yaiku aran Pandita Rahib. Dadi, cara kanggo ngalahake Pandhita Rahib yaiku kanthi numpesi anak muride Pandhita Rahib siji mbaka siji. Cara mau ditindakake, jalaran Amir Hambyah seneng lan nduweni kawasaki kang linuwih ing bab olah prigele perang. Kejaba kuwi, Amir Hambyah rumangsa mesthi bisa nglahake mungsuh-mungsuhe. Bab iki minangka semangete kang gedhe kango mbebelia tumrap negarane.

Kanjeng Nabi Muhammad

Nabi Muhammad minangka prawira muslim uga minangka panutaning sakehe umat Islam. Akeh banget mukjizat utawa wahyuning Gusti Allah kang tumurun diparingake marang Kanjeng Nabi. Kanthi mangkana kabukti yen Kanjeng Nabi Muhammad minangka utusaning Allah SWT. Panjenengane nduweni wawatekan bawalaksana padha kaya dene pamane yaiku Amir Hambyah, ing antarane yaiku kinajenan, bela negara lan gelem tetulung marang bangsane sato kewan kang bakal diandharake ing ngisor iki.

a) Kinajenan

Nabi Muhammad minangka pawongan kang nduweni kawibawan kang gedhe, mula lumprah yen kinajenan dening sapa wae. Bisane kinajenan karana tumindake kang becik uga nduweni kaluwichan tartamtu. Sapa wae kang kepanggih mesthi sungkan sahengga ndadekake tundhuk klawan panjenengane. Kejaba pawongan kang nyungkani, Kanjeng Nabi nduweni kaluwichan tartamtu. Kaluwichan mau yaiku mukjizat kang diparingi dening Gusti Allah, ing antarane awujud bisa ngetokake banyu saka sela-selane driji sikile, bisa nyigar rembulan nalika nyebarake agama Islam ing Mekkah, bisa tata jalma klawan bangsane sato kewan, minangka utusaning Gusti Allah nyebarake agama Islam ing ndonya lan isih akeh banget kawasaki liya-liyane. Salah sawijine kanggo mbuktekake yen Kanjeng Nabi minangka prawira

(pahlawan) kang kinajenan sajrone SMMM, bisa dideleng cuplikan ing gisor iki.

//paran paman kang tuwan karsani/
apan inggih lahir ing mujijat/
kang paman lon andikane/
sira metokna banyu/
alas iki lan gunung sami/
dherek kena samodra/
umatur jeng rasul/
apan inggih paman Allah/
nuli rasul metokken saka dariji/
ingsun nenggih kang toyah//
(Pupuh IV, Pada 61)

Cuplikan ing ndhuwur nerangake yen Amir Hambyah minangka pamane Nabi Muhammad, awit Nabi Muhammad anggone nimbali Amir Hambyah nggunakake tembung paman. Amir Hambyah digambarake lagi nyritakake marang para ratu telukan ngenani mukjizat kang diparingi saking Gusti Allah marang Nabi Muhammad. Mukjizat yaiku wahyu utawa kaluwichan kang diparingi Gusti Allah kang ora diduweni dening manungsa salumprahe. Salah sawije mukjizate kanjeng Nabi yaiku nalika lair bisa metokake banyu saka sela-selane driji sikile. Banyu kang metu mau nganti bisa ndadekake alas lan gunung dadi samodra. Kabeh mau bisa kedadean jalaran saking panguwasaning Gusti kang akarya jagad. Pranyata pancen Nabi Muhammad minangka pawongan kang pinilih dening Gusti Allah, minangka dhutane Gusti anggone nyebarake agama Islam lan mbrasta sakehing kadurjanaan kang ana sajrone bumi.

Awit saka kaluwichan kang awujud mukjizat mau, Nabi Muhammad minangka pawongan kang diajeni dening pawongan liyane. Bareng padha nyumurupi kabeh saka critane Amir Hambyah, para ratu kang wus ditelukake mau padha rebut anggone kepengin ngaturake sungkem lan sembah bhakti marang Nabi Muhammad. Sawise siji mbaka siji ngaturake sungkem mring Kanjeng Nabi, banjur sakabehane para ratu mau padha winulang kalimah sahadat. Ora mung diucapake wae, Kanjeng Nabi uga paring katrangan ngenani isine kalimah sahadat mau. Bareng sumurup isine sahadat yen nerangake Nabi Muhammad minangka utusaning Gusti Allah, sakabehane para ratu padha tundhuk anut reh prentahe Nabi Muhammad. Paring tuntunan anggone nindakake ajaran agama Islam.

Ora mung para ratu telukan wae kang ngaturake sembah bhakti marang Nabi Muhammad, nanging Amir Hambyah kang kapernah pamane wae ugangrungkupi padane Nabi Muhammad. Bisa kadeleng ing cuplikan ngisor iki.

//wus pracaya sun mring sira Gusti/
estu dutaning hyang Nabi Bollah/
panuntuning Nabi kabeh/
dhuh nyata putraningsun/
apan seleh pamengku mami//

*nuringngrat maring sira/
Idayattollahu/
kalawan ingsun tur sembah/
marang sira jeng Nabi pan sampun tampi/
selehe ingkang paman//*

(Pupuh IV, Pada 64)

Cuplikan iki nyritakake nalika Amir Hambyah kepanggih kapisanan klawan Nabi Muhammad, sanalika ngrungkepi padane Kanjeng Nabi. Ngaturake sembahé, klawan matur yen paman wis percaya menawa putrane minangka dhutane Allah lan minangka panutaning sakabehe Nabi kabeh. Pranyata putrane wis antuk mukjizat saking Allah. Kanjeng Nabi rumangsa sungkan marang pamane, kamangka Kanjeng Nabi duwe niyatan kanggo ngaturake sembah marang pamane. Kanjeng Nabi matur supaya pamane nglepasake sukune, pamane dijumenengake. Nabi Muhammad bakal ngrungkepi padane Amir Hambyah nanging ora dikeparengake, sigra sami rerangkuluan.

Saka katrangan ing ndhuwur, antarane Nabi Muhammad lan Amir Hambyah padha-padha nduweni kawibawan kang luhur. Mula ora mokal yen padha-padha kinajenan dening sapa wae, ananging mesthi nduwe pambeda dhewe-dhewe. Nabi Muhammad kinajenan karana antuk mukjizat saking Gusti Allah, minangka dhutane Allah lan minangka panutaning sakabehane Nabi kabeh. Yen Amir Hambyah kinajenan karana nduweni kaluwihan bab kasekten olah prigele perang, bisa nelukake pirang-pirang ratu kafir. Merga ratu-ratu kafir wus kasil dikalahake, mula kabeh padha sumuyud anut reh prentahé kang tansah nengenake kautaman.

b) Bela Negara

Nabi Muhammad nduweni pambeda anggone mbebele tumrap negarane, bisa diarani nggunakake cara politik. Bab iki katon banget nalika akahe wadyabala kafir, minangka anak murite Pandhita Rahib kang bola-bali nglurug umat Islam. Para ratu kafir minangka anak murite Pandhita Rahib saka negara ngendi wae siji mbaka siji kasil ditelukake dening sakabat Nabi, kepara dadi wadyabala Islam. Kanthi cara mangkono, wadyabala kafir saya suda lan wadyabala Islam saya tambah cacahe. Bab iki bisa kadeleng ing cuplikan iki.

*//nulya pasrah nungkul Sri Kebargalam/
antuk ngapura Nabi/
wus manjing jro kitha/
ing dalu abujana/
winulang kalimah kalih/
ngucap sahadat/
wus ngrahup pada Nabi//*

(Pupuh VIII, Pada 42)

Cuplikan saka pupuh VIII ing dhuwur nyritakake yen ratu Kebargalam antuk pangapurane Nabi Muhammad lan kautus masuk agama Islam. Ratu Kebargalam minangka ratu kafir kalebu muride Pandhita Rahib kasil ditelukake. Sabanjure ratu

Kebargalam kaaturake marang Kanjeng Nabi Muhammad, kepara pasrah lan saguh teluk. Kanjeng Nabi ora paring pidana pati lan ora ndadekake bandan banjur ngunjara Kebargalam, nanging kepara paring pangapura marang Kebargalam.

Saka cuplikan mau, cetha yen Kanjeng Nabi Muhammad tansah maringi kalodhangan (*kesempatan*) tumrap para mungsuhe. Panjenengane paring pangapura jalaran ora tegelan marang mungsuhe. Kejab kuwi, Kanjeng Nabi nduweni wewatakan welas asih tumrap mahkluk reriptane Gusti Allah SWT. Sawise Kebargalam masuk agama Islam, dheweke matur ing ngarsane Kanjeng Nabi kasuwun ora susah ngutus para ratu liyane kang maju ing palagan, yen durung dheweke gugur ing palagan. Kebargalam kang bakal maju ing paprangan ngadhepi ratu Kopah lan ratu kafir liya-liyane. Bab iki uga kabukti yen Nabi Muhammad ngecakake politike supaya wadya Islam unggul ing payudan. Sebab kanthi cara mangkono wadyabala kafir bakal suda cacahe, dene wadyabala Islam malah saya tambah cacahe. Yen wadya kafir saya suda ateges wadya kafir ringkih, sahengga bisa gampang dikalahake.

Cara kanggo mbebele tumrap negarane mau katindakake terus dening Kanjeng Nabi nganti Pandhita Rahib kentekan wadyabala kafir. Ora mung wadyabala wae, nanging putrane Pandhita Rahib wae bisa nungkul lan gelem masuk Islam. Kamangka sadurunge dicritakake yen Pandhita Rahib pawongan kang sekti lan ora ana kang bisa ngasorake. Tundhane Sayid Sahib minangka putrane dhewe kang bisa ngalahake Pandhita Rahib. Raden Sayid Sahib wis mangerteni wewadi apese ramane dhewe, mula gampang anggone ngasorake ramane. Bisa diarani cara politik kanggo bela negara mau nabok nyilih tangan.

c) Tetulung marang Bangsane Sato Kewan

Nabi Muhammad pinaringan wahyuning Gusti Allah kang ora diduweni tumrap manungsa lumprahe, yaiku awujud bisa tata jalma klawan bangsane sato kewan. Panjenengane gelem tetulung marang bangsane cantuka kang bakal dimangsa klawan sawer, kaya kang bakal diandharake lumantar cuplikan ing ngisor iki.

*//meh dhateng ing waktu Mahgrib/
Kangjeng Rasul nulya tedhak/
arsa ngambil kadas maleh/
lumampah dhateng talaga/
amundhut toya kadas
nulya wonten kodhok rawuh/
binuru marang ing ngarsa//*

(Pupuh X, Pada 34)

*//prapta ngarsane Jeng Nabi/
umatur anyuwun gesang/
binuru ula dangune/
kawula arsa den mongsa/
sanget pamangsanira/
Jeng Rasul welas kalangkung/
lah ing kene singidana//*

(Pupuh X, Pada 35)

Cuplikan saka pupuh X tembang macapat Asmaradana pada 34-35 ing dhuwur nyritakake Kanjeng Rasul kepanggih klawan bangsane sato kewan. Kanjeng Rasul arsa nindakake sholat Mahgrib, mula golek talaga kanggo nindakake wudu. Sawise tumedhak ing sawijine talaga lan bakal mundhut toyta, kedidak ana sawijining kodhok teka ing ngarsane Kanjeng Rasul. Kodhok mau matur nyuwun pitulungan supaya tetep gesang, jalaran dheweke bakal dimangsa klawan ula. Mangerteni sesambate kodhok, Kanjeng Rasul ora tegel lan welas asih. Kodhok diutus singidan ana sanjeroning rasukane Kanjeng Rasul sisih tengen, supaya ora diweruhi marang ula.

Ringkese crita, ula teka ing ngarsane Kanjeng Rasul nggoleki kodhok lan dheweke uga jalaran binuru dening sawijine kewan kang aran ulung. Sesambate si ula kang bakal dimangsa dening ulung mau gawe welasing Kanjeng Rasul, mula diutus singidan ana rasukane sisih kiwa. Si kewan ulung ora mangerteni yen mangsane singidan ana rasukane Kanjeng Rasul. Si ula sajrone rasukane Kanjeng Rasul sisih kiwa weruh yen si kodhok ana sisih tengene, sakala mangkel penggalihe. Si ula banjur nyokot lengene Kanjeng Rasul nganti metu rahe, lan age-age metu lumayu tanpa pamitan. Para Sakabat Nabi bakal ngoyak playune si ula lan bakal dipateni, nanging ora dikeparengake dening Kanjeng Rasul ngandika yen para umat muslim yen kepethuk klawan si ula, ora dikeparengake mateni. Kaya mangkana kuwi wewatakane Kanjeng Nabi Muhammad kang luhur banget.

Saka cuplikan mau kabukti yen Kanjeng Rasul bisa tata jalma klawan bangsane sato kewan lan gelem tetulung. Kanjeng Rasul anggone tetulung tanpa nduwe pangangenangan yen ula mau sajrone rasukane bakal nyokot dheweke. Niyate mung bakal tetulung wae, nanging sawise ditulung kepara si ula nyokot lengene Kanjeng Rasul. Bisa diarani yen pakartine si ula mau wis ditulung malah menthung. Kaya mangkana mau rasa welas asihe Kanjeng Rasul marang bangsane sato kewan. Dadi kang ditulung ora mung manungsa wae nanging uga kewan, awit kewan uga reriaptane Gusti Allah minangka isen-isening ndonya. Sapa kang gelem tetulung marang sapa wae, bakale antuk piwales kang luwih-luwih. Pranyata sawise tetulung, Kanjeng Nabi Muhammad winales pikantuk sabiyantu saka bangsane kewan. Saka crita mau uga kabukti yen sapa wae kang gelem tetulung lan nduweni rasa welas asih marang titaha Gusti Allah bakale antuk piwalesan kang luwih-luwih.

PANUTUP

Perangan panutup iki bakal ngrembug dudutan lan pamrayoga tumrap panliten iki. Dudutan mujudake sarine asile panliten, wangslan kang pungkasane saka pitakanan sajrone underaming panliten. Kajaba ana dudutan uga ana pamrayoga, yaiku sawijining perangane panutup kanggo ngrembagakake tema panliten lan bisa nggampangake pamaca lan panliti sabanjure.

Dudutan

Serat Menak Mondha-Mundhu Jilid VIII iki minangka salah sawijine jinis *Naskah Epik-Kepahlawanan*, mula sajrone kasusastran Jawa Anyar diarani wiracarita. Tembung Mondha-mundhu sejatiné aran sawijine papan panggonan, yaiku sawijine talaga kanggo papan dedelikane wong kafir. Bab kang ndadekake kawigaten, yaiku critane ora akeh ngrembug ngenani telaga *Mondha-Mundhu*. Umume Serat Menak nyritakake ngenani kaprawirané Amir Hambyah anggone perang mungsuhan para kafir, nanging serat iki luwih nengenake nyritakake paraga Nabi Muhammad minangka prawira Islam anggone nelukake lan ngeslamake wong kafir.

Perangan dudutan iki ngrembug piwangulan saka underaning panliten, yaiku (1) kepriye karakteristik naskah?, (2) kepriye suntingan teks?, lan (3) kepriye ajining kaprawiran sajrone naskah?. Ajining kaprawiran sajrone *Serat Menak Mondha-Mundhu Jilid VIII* iki dijilentrehake kanthi nggunakake pamarekan struktural lan dekonstruksi, kanggo mbandhingake watak saka tumindake Paraga Nabi Muhammad lan Amir Hambyah. Kajaba iku kanggo ngandharake karakteristike teks lan suntingan teks kanthi nggunakake pamarekan filologi modern, amerga ora nengenake keaslian utawa kemurnian sawijine naskah.

Karakteristik naskah dijilentrehake kanthi cara ndeskripsikake naskah, kang katindakake kanthi cara ngandharake irah-irahane naskah, papan sumimpene naskah, nomor naskah, bahan naskah, ukurane naskah, jinis tulisan, kahanan naskah, lan pirang-pirang bab kang gegayutan karo blegere naskah. Panliten iki nuduhake objek panliten yaiku *Serat Menak Mondha-Mundhu Jilid VIII* kang awujud tembang macapat.

Serat Menak iki dumadi saka 24 pupuh, wiwit pupuh siji nganti pupuh patlikur minangka sawijine crita kang runtut, nanging sejatiné critane dumadi saka 3 lakon. Crita kang kepisan sajrone pupuh 1-3, nyritakake paprangan antarane Sultan Kamidilngalam (Amir Hambyah) anggone numpes ratu kafir kang dedelikan sajrone telaga Mondha-mundhu. Crita kang kapindhone yaiku wiwit pupuh 4-10, nyritakake paprangan ing Mekah antarane umate Nabi Muhammad mungsuhan wadya kafir andhahane Pandhita Rahib. Crita kaping telune yiku wiwit pupuh 11-24, nyritakake paprangan antarane anak lan bapak yaiku Sayid Sahib lan Pandhita Rahib ing negara Kebar, kanthi panyengkuyunge Nabi Muhammad.

Asile suntingan teks kanthi negesi tetembungan asil saka kreativitasé pangripta kang dianggep ora salumprahé, banjur dijilentrehake ing aparat kritik lan diwenehi komentar. Suntingan teks dipilih mung telung pupuh yaiku pupuh I (Gambuh), pupuh X (Asmaradana), lan pupuh XXII (Asmaradana), jalaran katelu pupuh mau akeh bab-bab kang narik kawigatenan laras klawan ajining kaprawiran.

Asiling panliten nuduhake yen *Serat Menak Mondha-Mundhu Jilid VIII* ngandhut ajining kaprawiran. Wewatakane Amir Hambyah lan Nabi

Muhammad dibandingake kanthi watak bawalaksana, jumbuh klawan crita sajroning naskah yaiku kinajenan, bela negara, lan tetulung marang bangsane sato kewan. Nabi Muhammad kinajenan karana antuk mukjizat saking Gusti Allah, minangka dhutane Allah lan minangka panutaning sakabehane umat. Yen Amir Hambyah kinajenan karana nduweni kaluwihan ing bab kasekten olah prigele perang, bisa nelukake pirang-pirang ratu kafir. Kanjeng Nabi nduweni prinsip politik, para wadya kafir sajrone paprangan supaya ora dipateni. Kanthi mangkono wadya kang wus nungkul diutus masuk agama Islam lan dadi wadya bala Islam. Beda klawan Amir Hambyah mesthi dicritakake maju ing palagan ngadhepi mungsuh-mungsuhe. Amir Hambyah nduweni karep numpesi wadya bala kafir siji mbaka siji, nganti mungsuhe kentekan wadyabala saengga gampang anggone nungkulake. Amir Hambyah ora nate dicritakake bisa tata jalma klawan bangsane sato kewan, beda klawan Nabi Muhammad kang bisa tata jalma lan seneng tetulung marang bangsane sato kewan.

Pamrayoga

Serat Menak Mondha-Mundhu Jilid VIII minangka reriptan sastra jawa klasik kang ngandhut ajining kaprawiran. Lumantar ajining kaprawiran sajrone *Serat Menak Mondha-Mundhu*, bisa mangaribawani pamaca anggone nata laku kang laras marang kaprawiraning Islam sajrone panguripan sabendina. Ajining kaprawiran saka watak bawalaksana nduweni fungsi kang akeh kanggo panguripane manungsa ing alam donya, mliline ing jagade kepemimpinan. Pamrayoga sawise nindakake panliten ngenani *Serat Menak Mondha-Mundhu* iki, diajab supaya bisa aweh pambiyantu utawa bisa didadekake bahan rujukan tumrape panliten sabanjure kang saemper sajrone pasinaon sastra, lan bisa nintingi isine reriptan sastra kanthi perspektif liyane.

KAPUSTAKAN

Adiwimarta,dkk. 2002. *Kamus Besar Bahasa Indonesia*. Jakarta: Balai Pustaka.

Aprisa, Rico. 2016. “Dekonstruksi Ideologi Pendidikan dalam Karya Sastra (Novel)”. *Jurnal Pendidikan Rokania*. Vol. 1 (2): hal. 121-132.

Bahardur, Iswadi. 2018. “Dekonstruksi Oposisi Biner dalam Cerita *Kritikus Adinan* Karya Budi Darma”. *Jurnal Bahasa, Sastra, dan Pengajarannya*. Vol. 2 (1): hal 1-12.

Baried, Siti Baroroh. 1994. *Pengantar Teori Filologi*. Yogyakarta: Badan Penelitian dan Publikasi Fakultas (BPPF) Universitas Gadjah Mada.

Djamaris, Edward. 1977. “*Filologi dan Cara Kerja Penelitian Filologi*”. *Bahasa dan Sastra Tahun*

III No.I. *Pusat dan Pengembangan Bahasa*. Jakarta: Departemen Pendidikan dan Kebudayaan.

_____. 2014. *Teori dan Metode Pengkajian Filologi*. Yogyakarta: Astungkara Media.

Endraswara, Suwardi. 2008. *Metologi Penelitian Sastra: Epistemologi, Model, Teori, dan Aplikasi*. Jakarta: PT Buku Kita.

Fajaruddin, Nur. 2012. *Naskah Sejarah Nabi Muhamad (Kajian Isi, Strukture, dan Nilai)*. Skripsi. Malang: PPs Universitas Negeri Malang.

Fauzi, Abdullah Ali. 2019. “Perilaku Diskriminasi Masyarakat Indonesia Dibidang Hukum dalam Novel *Api Tauhid* Karya Habiburrahman El-Shirazy (Analisis Dekonstruksi)”. *Jurnal Bahasa, Sastra, dan Penerapannya*. Vol. 6 (1): hal. 19-22.

Fitriana, Irma. 2014. *Kepemimpinan ing Lakon Rama Tambak (Tintangan Struktural)*. Skripsi. Surabaya: PPs Universitas Negeri Surabaya.

Hadiwidjana, R.D.S. 1967. *Tata- Sastra*. Jogja: UP Indonesia.

Harpawati, Tatik. 2009. “Transformasi Cerita Serat Menak dalam Pertunjukan Wayang Golek Menak”. *Jurnal Seni Budaya*. Vol. 7 (1): hal. 28-29.

Istanti, Kun Zachrun. 2001. “Hikayat Amir Hamzah: Jejak dan Pengaruhnya dalam Kesusastraan Nusantara”. *Jurnal Humaniora*. Vol. 13 (1): hal. 22-29.

Istanti, Kun Zachrun. 2006. “Warna Lokal Teks Amir Hamzah damam Serat Menak”. *Jurnal Humaniora*. Vol. 18 (2): hal. 114-124.

Istanti, Kun Zachrun. 2008. “Resepsi Hikayat Amir Hamzah damam Hikayat Umar Umayah”. *Jurnal Humaniora*. Vol. 20 (2): hal. 236-243.

Kamidjan. 2019. “Penentuan Usia Naskah pada Penelitian Filologi”. *Jurnal Manuskrip Nusantara*. Vol. 9 (1): hal. 147-177.

Maliati, Nuzullah Rohmah. 2017. *Katresnan Minangka Kakuwatan Wanodya (Dhekstruksi Tumrap Teks Asmarasupi)*. Skripsi. Surabaya: PPs Universitas Negeri Surabaya.

Nurgiyantoro, Burhan. 2010. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Universitas Gajah Mada Press.

- Nurlila. 2011. *Kapandhegan ing Serat Ranggalawe*. Skripsi. Surabaya: PPs Universitas Negeri Surabaya.
- Pradopo, Rachmad Djoko. 2007. *Beberapa Teori Sastra, Metode Kritik, dan Penerapannya*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Pradotokusumo, Partini Sardjono. 2005. *Pengkajian Sastra*. Jakarta: Gramedia Pustaka Utama.
- Poerbatjaraka, R. Ngabei. dan Tardjan Hadidjaja. 1952. *Kapustakan Djawa*. Jakarta: Djambatan.
- Purnomo, Sri Bambang. 2011. *Kesastraan Jawa Pesisiran*. Surabaya: Bintang Surabaya.
- Purnomo, Sri Bambang. 2018. *Filologi dan Studi Sastra Lama*. Surabaya: Bintang Surabaya.
- _____. 2013. *Filologi dan Studi Sastra Lama*. Surabaya: Perwira Media Nusantara.
- Purwadi. 2009. *Sejarah Sastra Jawa Klasik*. Yogyakarta: Panji Pustaka.
- Putra, Riski Nugraha Mahatva. 2013. "Dhekonstruksi Teks Kepemimpinan sebagai Bentuk Gerakan Sosial Ekspresif oleh Komunitas Anti Bupati di Kabupaten Nganjuk" (Studi Semiotika Roland Barthes tentang Mitologi Tekstual "Kepemimpinan"). *Jurnal Penelitian Sosiologi*. Vol. 1 (2): hal. 2-8.
- Ratna, Nyoman Kutha. 2014. *Teori, Metode, dan Teknik Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Robson, S.O. 1978. *Pengkajian Sastra-sastra Tradisional Indonesia*. Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa.
- Rohmah, Nafi'atur. 2018. *Kepemimpinan Sajrone Serat Menak Kustup Jilid II*. Skripsi. Surabaya: PPs Universitas Negeri Surabaya.
- Semi, Atar. 1994. *Metode Penelitian Sastra*. Bandung: Angkasa.
- Subandiyyah, Heny. 2007. *Filologi Dan Metode Penelitiannya*. Surabaya: Unesa University Press.
- Sugiyono. 2012. *Metode Penelitian Kuantitatif Kualitatif dan R&D*. Bandung: Alfabeta.
- Sulastin-Sutrisno. 1981. *Relevansi Studi Filologi*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.
- Suwarni & Widayati, Sri Wahyu. 2018. *Sastra Jawa Klasik*. Surabaya: Bintang Surabaya.
- Sutisno, Andi. 2017. "Kajian Dekonstruksi Derrida dalam Novel Sengsara Membawa Nikmat Karya Sutan Sati". *Jurnal Penelitian Bahasa dan Sastra Indonesia*. Vol. 2 (2): hal. 1-12.
- Suwarni. 2009. *Pengantar Studi Sastra Jawa Kuna*. Surabaya: Bintang.
- Suwarni. 2013. *Sastra Jawa Pertengahan*. Surabaya: Perwira Media Nusantara (PMN).
- Syafrina, Rany. 2014. "Analisis Dekonstruksi terhadap Tiga Dongeng Grimms Bersaudara: Rapunzel, Snowdrop, dan Ashputtel". *Jurnal Kajian Ilmiah Kebahasaan dan Kesusastraan*. Vol. 6 (1): hal. 32-45.
- Tjadrasasmita, Uka. 2006. *Kajian Naskah-Naskah Klasik dan Penerapannya bagi Kajian Sejarah Islam di Indonesia*. Jakarta: Puslitbang Lektur Keagamaan Badan Litbang dan Diklat Departernen Agama RI.
- Udjang Pr. M. Basir. 2011. "Tembang Macapat: Eksklusifitas Bentuk, Aspek Nilai, dan Pendekatan Pembelajarannya". *Jurnal Widyatama*. Vol. 20 (2): hal. 5-10.
- Ungkang, Marcelus. 2013. "Dekonstruksi Jaques Derrida sebagai Strategi Pembacaan Tekstual Sastra". *Jurnal Pendidikan Humaniora*. Vol. 1 (1): hal. 33-37.
- Zoetmulder, P.J. 1983. Kalangwan: *Sastra Jawa Kuna Selayang Pandang*. Jakarta: Djambatan.